


# EDHENI RASATANI

 Ngatikotamisei misoro. Mwari Vanodikanwa, tinoKutendai manheru ano nemukana uno mukuru, kuuyazve nemuZita raIshe Jesu, kuzosangana nemuvengi wedu, mhandu yeNyu, kunze kuno panzvimbo yekurwira; neShoko, kuti timudzinge kubva pakati pevanhu veNyu; kuti vagokwanisa kuona, manheru ano, Ishe, Chiedza cheVhangeri. Ndinonamata kuti Mugozodza meso edu namafuta, kuti azaruke kuChokwadi; kuti tigozobva pano, tichiti mumoyo yedu, “Moyo yedu haina here kutsva mukati medu paAnga achitaura nesu munzira?” Podzai vanorwara nevanotambudzwa. Kurudzirai vakawodzwa moyo. Simudzirai mawoko akarenguka ayo akarembere pasi. Dai tatarisa paKuuya kwaIshe Jesu, uko kwatinotenda kuti kwave pedyo. Takumbira izvi nemuZita raJesu. Amen.

Garai pasi.

<sup>2</sup> Ndichaedza kutora nguva shoma manheru ano, nokuti ndinoziva kuti vazhinji vabva kumativi akasiyana-siyana enyika, ku...kushumiro; kana kuti matozogarira, vamwe venyu, uye muchazofanira kudzokera, zvichida senzira dzokudzokera. Uye ndinokutendai. Mangwanani ano ndanga ndichida kunzwa Hama Neville, pachangu. Zvino ndakavanzwa nguva dzakawanda, uye panguva dzose dzandaivanzwa vaindikoshera. Asi mangwanani ano, mharidzo yauya panguva yakafanira, ndaziva kuti ndatungamirirwa naShe kuti ndiiterere mangwanani ano. Zvakaisvonaka! Zvino ndave kuona chikonzero sei vanhu imi muchifarira kuuya kuzovanzwawo, zvakare. Zvino vacharamba nguva dzose vachikuitirai zvakanaka, ndine chokwadi, kuvanzwa.

<sup>3</sup> Ndanga ndiri kuedza kuti ndipedze mamwe emainterview angu nhasi; mangwanani ano nemasikati ano. Ndichine akawanda, wanda, akawanda kuti ndiapedze. Zvino ndi . . .

<sup>4</sup> Sezvo, ndinotenda, aiva Jethro akaudza Mosesi pane imwe nguva, achiti, “Izvi zvakangokunyanyira.” Saka, tine hama dzakawanda pano dzine matambudziko. Uye rimwe nerimwe rawo ranga richikodzera, uye zvinhu zvakanaka zvinofanira kutariswa. Zvino ndinosarudza mufudzi vedu, kana Hama Mann, pamwe nevamwe vevashumiri voKutenda kwedu pano. Munogona kuenda kwavari. Vanonyatsokuudzai chinhu chaicho chamunofanira kuita; vamwe vanhu, vana vavo; vachiroorerana, kana zvinhu zvisina kufanira. Zvino varume ava vanogona kukubatsirai zvakafanana se—sezvinongoitwawo ani zvake, nokuti varanda vaKristu. Zvino endai kwavari, uye ndine chokwadi chokuti vacha—vachakupai rubatsiro rwamunoda. Handikwanise kuzoona vose. Kunenge kuine vakawanda, kwese

kwaunoenda. Vanoramba vachiwanda vachitutsira nokututsira, maona. Zvino—zvino unenge uchida kuona mumwe nomumwe wavo, asi haukwanise kuzviita. Asi ndiri kungonamata nguva dzose kuti Mwari, neimwe nzira, vachaita kuti zvikuitirei zvakanaka.

<sup>5</sup> Zvino, manheru ano, tiri kuda kuenda kuGwaro, tigoverenga chikamu cheGwaro kubva muna Genesi, chitsauko 3; uye tigotaura tichidzokera kumashure zvishoma pane zvinhu zvatanga tiri kutaura pamusoro pazvo, munguva dzapfuura, zvino tozoona kana Ishe Jesu vachizotiwedzera zvishoma pane zvatichazoziva kana tozobuda. Ndinonamata—namata kuti Achazviita.

*Zvino nyoka yakanga yakachenjeresha kupfuura mhuka dzose dzesango dzakanga dzaitwa naJehovha Mwari. Zvino yakati kumukadzi, Nhai, ndizvo here kuti Mwari wakati, regai kudya miti yose yomunda?*

*Mukadzi akati kunyoka, Tingadya hedu michero yemiti iri mumunda:*

*Asi muchero wemuti uri pakati pemunda, Mwari wakati, Regai kuudya, kana kuubata, kuti murege kufa.*

*Zvino nyoka yakati kumukadzi, Hamungafi zvirokwazvo:*

*Nokuti Mwari unoziva kuti nomusi uyo imi wamuchadya, meso enyu achasvinudzwa, mukava savamwari, muchiziva zvakanaka nezvakaipa.*

*Zvino mukadzi akati achiona kuti muti wakanaka kudyiwa, uye kuti unofadza meso, uye kuti muti unodikanwa kungwadza munhu, akatora muchero wawo, akadya, akapawo murume wake naye; zvino iye akadya.*

*Ipapo meso avo ivo vaviri akasvinudzwa, vakaziva kuti havana kusimira; zvino vakasonanidza mashizha omuonde, vakazviitira nguwo.*

<sup>6</sup> Dai Ishe vawedzera ma . . . maropafadzo aVo pakuverengwa kweShoko raVo. Zvino ndiri kuda kutora musoro wemharidzo manheru ano, kubva ipapo, ndigouti: *Edheni RaSatani*. Matauriro maduku akakwasharara, okuti, *Edheni RaSatani*. Zvinoita sokuenderana, nousiku hweimwe Svondo, ndinotenda kudaro, apo ndaitaura kwamuri pamusoro pe *Sefa YeMunhu Anofunga*, pamwe nekuravira kwemunhu mutsvene.

<sup>7</sup> Zvino pane dzimwe dzenguva matauriro maduku aya akakwasharara anotisvitsa pane chimwe chinhu; anotiita kuti tinzvere, nokukuita kuti uverenge Shoko. Zvino ndizvo zvandinoda kuti ungano yangu yose igoita. “Munhu haangarame nechingwa choga, asi neShoko rimwe nerimwe rinobva mumuromo waMwari.” Saka, verenga Shoko; Rinzvere.

UgoRinzvera nemaziso aMwari, kuti zvigopa njere dzako kunzwisisa mararamiro atinofanira kuita muzuva rino.

<sup>8</sup> Zvino kuti ndingouya kuno, manheru ano, kuzongotaura bedzi nemi, ndichiti, “Handiti, ndinogona kuita *zvakati* kana *zvakati*, . . .”

<sup>9</sup> Ndinoda kutaura nevanhu, semadiro andingaita kuenda kumba nomumwe-nomumwe wenyu manheru anhasi. Ndi . . . Mwari vanoziva kuti ichokwadi. Ndinoda kuenda kumba nomumwe-nomumwe wenyu, uye—uye ndigodya—ndigodya svusvuro mangwanani newe, uye—uye—uye ndozoenda newe mangwana masikati kundovhima tsindi, munoona. Ndi—ndinoda kudaro, asi handi—ndikwanisi kuzviita. Uye ndingada kuenda kumba ndosvikogara pasi ndichitaura newe; ndosvikogara muruvazhe shure kweshumiro, ndotaura newe kwechinguva, ndotaura newe maererano nemararamiro ako uye nepamusoro paMwari. Ndingada kuzviita. Varume nemadzimai vari muno; Mwari vanoziva kuti ndinotoda kuzviita, asi handikwanise kuzviita. Munoona, pane kudhonza kukuru—kukuru nekumanikidzika.

<sup>10</sup> Zvino—zvino muzera rino rekuhutahuta ratiri kurarama mariri . . . Uye ini ndiri munhu anohutahuta, pachangu. Nhasi ndinoisa pfungwa dzangu pane chimwe chinhu, “Ndinotongofanira kuchiita,” zvino pane ramangwana chinenge chive mamiriyoni amamaera kure neni; pane chimwe chinopindira zvino chobva chaita *izvi neizvo*. Zvino unowana nguva yakaoma, apo unenge uchiedza kuzvidzikamisa mupfungwa.

<sup>11</sup> Asi budiriro yangu huru kuparidza Vhangeri nemuChechi, nokuita zvole zvandinokwanisa kuunza ruremekedzo kuna Jesu Kristu muzuva rino, ndichiri pano panyika, uye munguva iyo ndasarirwa nayo panyika. Ndauya ku—kuzoedza kukutaurirai chimwe chinhu chinozokubatsirai; chimwe chinhu. Ndasvikonzvera mushure mokunge ndaenda kumba mangwanani ano. “Ko ndingataureiko manheru ano, Ishe, chingabatsire vanhu ava?”

<sup>12</sup> Ndateerera kumharidzo iya huru mangwanani ano pamusoro . . . yaunzwa neHama Neville, maererano . . . Ndafunga kuti zvanga zvakaisvonakisa, apo pavati paya, “Chiremba anonzvera dambudziko; asi munhu anouya nembiya izere netsono, ndiye anozobaya jekiseni.” Nokudaro ndafunga kuti kanga kari zvirokwazvo kachitaurwa kaduku ka—kakaisvonaka. Ndafunga pamusoro pazvo, “mushonga, mushure mokunge dambudziko ranzverwa.” Saka chinhu chakanaka zvikuru.

<sup>13</sup> Ndanga ndichida kutaura chimwe chinhu kwamuri, kuunza chimwe chinhu chinokujekeserai vimbiso yaMwari yemuchizvarwa chino. Maona? Chimwe chinhu, kwete chimwe chinhu icho mumwe munhu akambova mune rimwe zuva, asi

chimwe chinhu...zvino kana...Zvinhu izvozvo zvakanaka; tose tinodzokera kuzvinhu izvozvo. Asi ndafunga kuti ndigoedza kuunza chimwe chinhu mupfungwa dzenyu, neMagwaro andanyora pano, chinozokujekeserai, kuti muzive, nokukuitai masoja ari nani munharaunda dzamuri kurwira iye zvino; nokudzidza maitiro emuvengi, kuitira kuti mugovhika zvose zvisati zvasvika kwamuri, maona. Ndicho chinhu chikuru, kudzidza kuvhika zvi—zvibhakerera kuti zvisasvike kwauri, sokukwanisa kwaungaite.

<sup>14</sup> Zvino, ngatichitarisai zvino kune rino guru... kwemaminitsi mashoma, zuva rino guru, rezvivi ratiri kurarama mariri iye zvino. Handitendi kuti pakambova nerimwe zuva randakamboverenga munhorondo...Pakambova nemazuva makuru okutambudzwa, apo vana vaMwari vaiuraiwa kwese-kwese. Asi kuona hunyengeri hwemuvengi, hatisati takambova nezuya rakaita serino ratiri kurarama mariri. Ndiro zuva rine mano, nekunyengera kudarika ose. Zvino kana ndichiona zvakadaro, zvinounza izvi, zvokuti, Mukristu anofanira kunyatsomira akangwarira muzuva rino kudarika zvaakamboita mune rimwe remazera.

<sup>15</sup> Zvino, kare mumazuva okutambudzwa, kweChechi, neRoma; Mukristu akakanganisa, aienda munhandare yemutambo opiwa kushumba kuti dzimudye, kana zvimwe zvakadaro, kana vachinge vamuwana ari Mukristu nokuda kwechapupu chake. Asi mweya wake waiponeswa, nokuti akanga ari mutendi muna Mwari wakachena, asina kusvibiswa, uyo nomufaro aisimbisa chapupu chake neropa rake. Apo tsinga dzairasikirwa, kana kuti maburi mumuviri wake, zvino ropa richijuja, aizodanidzira, nokutenda chaiko kwakatendeseka, achiti, “Gamuchiraiwo mweya wangu, Ishe Jesu!”

<sup>16</sup> Asi, iye zvino, mano adhiyabhore zvino, anoita kuti vanhu vagotenda kuti Makristu ivo vasiri. Ndipo pane nyaya yacho. Haufanire kusimbisa...I—izuva rokunyengera kukuru kudarika kare, kudarika pawaifanaira kusimbisa hupenyu hwako—hwako nechapupu chako. Dhiyabhore ateya muteyo wose waanokwanisa une mano, ku...Iye munyengeri. Zvino Jesu akatitaurira, muna Mateu 24, kuti raizova zuva rakadini iro ratiri kurarama mariri, zuva rine kunyengeresana pane ayo akambovapo, “zviri pedyo zvokuti zvinogona kunyengera chaivo Vasanganurwa vaMwari kana zvichibvira kuti anyengere.”

<sup>17</sup> Zvino ngatienzanisei mamwe Magwaro, kana zviporofita zvakataurwa muBhaibheri, zvanhasi, zvino tigozvienzanisa nezuya ratiri kurarama mariri.

<sup>18</sup> Muna Timotio Wepiri 3, tinodzidza izvi, kuti muporofita akataura, kuti, “Zvaizoitika kuti muzuva rino, kuti vanhu vachange vane misoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vanoda mufaro wenyika kudarika kuda kwavanoita

Mwari.” Chizvienzanisa zvino, kwechinguvana. Hatizo... Tichangozvitaure muchidimbu, nokuti hatina nguva yakawanda yokutara zvose sematauriro atinofanira kuzviita; asi kungozvijekesa, kuitira kuti mugozone pamunenge maenda kumba muchizvinzvera. “Vane misoro mikukutu, vanokarira zviru pamusoro, vanoda mufaro wenyika kudarika kuda kwavanoita Mwari; vanotyora sungano, vanopomera zvenhema, vasingagoni kuzvidzora, uye vashori veavo vakanaka.” “Zvino Mweya wakataura pachena kuti zvinhu izvi zvichange zviriko mumazuva okupedzisira.” Ndiwoka mazuva ano, ari kutaurwa nezvawo nechiporofita.

<sup>19</sup> Zvino tinoverengawo, zvakare, muna Zvakazarurwa... 14, Zvakazarurwa 3:14, ndizvo zvandinoreva, Zera reChechi yeRaodhikia, kuti ndizvo zvichange zvakaita chechi muzuva rino rokupedzisira. Uye ichange, Anoti, “Ichagara sechirikadzi pasina chainoshaiwa. Ya—yakange yakapfuma, uye ine upfumi hwakawanda, zvino vasingazvize kuti varombo, havana mufaro, vanonzwisa urombo, mapofu, uye havana kusimira, uye vasingazvize.” Ivo... Zvino, rangarirai, Ari kutaura kuchechi yemuzera rino, “vanonzwisa urombo, mapofu, havana kusimira, uye havazvize.” Chikamu chokupedzisira, Shoko rokupedzisira, ndiro rinozviita kuti zvinyatsoonekera. Vanofunga kuti vakanyatsozadzwa noMweya, vose vagadzirira. Zera reChechi yeRaodhikia ndiro Zera reChechi yePentecosti, nokuti ndiro zera rechechi rokupedzisira. Luther akava nemharidzo yake; Wesley akava nemharidzo yake; uye Pentecosti yakava nemharidzo yayo.

<sup>20</sup> Uyezve, Rakataura, kuti, “Nokuti unodziya, haupise kana kutonhora,” manyawi ekunze, kunzwisisa Vhangeri nepfungwa; “nokuti,” Akati, “ndizvo zvamuri, ndichakusvipai kubva mumuromo waNgu.” Nemamwe mashoko, zvakaMurwarisa kuona chechi iri muchinhano ichocho.

<sup>21</sup> Uye, rangarirai, ivo vakaMusvipira kunze; zvino Akange ari kunze kwechechi, ari kuedza kudzokera mukati, muZera reChechi yeRaodhikia rinonyangadza.

<sup>22</sup> Mwari wenyika ino nhasi uno, munhu ari kunamatwa nhasi wenyika ino, ndiSatani. Zvino vanhu havasi kuzvizeva kuti vari kunamata Satani, asi ndiSatani ari kuzviidza sechechi, munoono, sechechi. Vari kunamata Satani, vachifunga kuti vari kunamata Mwari vari muchechi, asi ndiwo maitirwo azvakaitwa naSatani.

“O,” ungati, “asika chimbomirai zvisihoma; inga wani tinoparidza Shoko.”

<sup>23</sup> Tarisaizve pandaverenga, manheru ano. Satani ndiye akaparidza Shoko kuna Evha, kutanga, “Mwari wakati,” munoono.

<sup>24</sup> Kumonyororwa ikoko kwechikamu ichocho chemaGwaro chinoenderana nezuva rino. Anokuudza kuti zvose zvakaikwa naJesu zvakanga zvakanaka zvachose. Anokuudza kuti zvose zvakaikwa naMosesi zvakanga zvakanaka zvachose. Asi ukatora vimbiso dzaVakapa dzemuzuva rino, zvino Idzodzo dzaizonzi ndedzerimwewo zera. Ndizvo zvoga zvaanofanira kuita, munoona, kuita kuti vanhu vagoZvitenda nenzira iyoyo, uye ndi—ndizvo zvoga. Nokuti, “Haukwanise kubvisa Shoko rimwe paRiri, kana kuwedzera Shoko rimwe paRiri.” Asi ndizvo zvaanoita.

<sup>25</sup> Vanhu, mukusaziva vari kunamata Satani, vachifunga kuti vari kunamata Mwari; sekuyambirwa kwatakaitwa nechiporofita, muna vaTesaronika veChipiri. Ipapo, ngatipaverengei, vaTesaronika veChipiri, chitsauko 2. Ngatipavhurei izvozvi, kana ndikakwanisa, iko zvino. Ndiri kuda kuzviverenga. Sezvo, ndinotenda, vaTesaronika veChipiri. Ndine Gwaro racho pano. Muna veChipiri. . .

*Zvino tinokumbira kwamuri, hama dzangu, pamusoro pokuuya kwaShe wedu Jesu. . . uye nokuungana kwedu pamwe chete kwaari,*

<sup>26</sup> Zvino, onai, “kuuya kwaShe, uye nekuungana kwaAri,” sezvo Mwari achaunganidza vanhu vaKe kwaAri mumazuva okupedzisira. “Kuungana kwevanhu kunaShe,” kwete kuchechi, “kunaShe; kuungana pamwe chete kwaAri.”

*Kuti murege kukurumidza kuzunguzwa pakufunga kwenyu, kana . . . kuvhundutsa—kuvhundutsa, kana momweya, kana . . . shoko, kana nenwadi inonzi inobva kwatiri, sezvo . . . zuva raShe ratosvika.*

*Ngakurege kuva nomunhu unokunyengerai nomutowo upi noupi: nokuti zuva iri harisviki, kana kutsauka kusati kwatanga kuuya, nomunhu wezvivi (“munhu wezvivi,” cherechedzai izvo zvaari zvino), nomunhu wezvivi paanoonekwa, mwanakomana wokurashika, (aiva Judhasi, maona);*

*Iye unorwisa achizvikudza pamusoro pezvose zvinonzi Mwari, kana zvinonamatwa; zvokuti iye saMwari unogara mutembere yaMwari, achizvionesa kuti iye ndiMwari.*

<sup>27</sup> Ndiko kunyengera kwechечи yanhasi! Munoona, “mwanakomana wokurashika,” dhiyabhore. “Mwanakomana wokurashika,” dhiyabhore. Zvadaro, vanhu vari kunamata Satani muzuva rino, vachifunga kuti vari kunamata Mwari. Asi vari kumunamata kubudikidza nechitendwa, masangano akagadzirwa navanhu pamwe nezvitendwa zvazosvitsa vanhu pakunyengereka kukurusa uko kusati kwakambozvikawanwa nenyika. Zvisinei kuti Shoko raMwari rakavimbiswa muzuva

rino, rinoparidzwa zvakadini richisimbiswa, kunyangwe zvakadaro havaRitendi. HavamboRitendi.

<sup>28</sup> Ko sei? Tinoshamisika kuti sei. Sei zvisingadai; sei vasingaZvitende? Kana Mwari vachinge vati Vachazoita chimwe chinhu, zvino vobva Vachiita, kunyangwe zvakadaro vanozvifuratira nokutsauka kubva pazviri. SaEva aiziva izvo zvakanga zvataurwa naMwari, ndizvo Mwari vaizoita; asi akazvifuratira, kuti ateerere kune izvo zvaaitaura.

<sup>29</sup> Chingorangarirai, mune mamwe mazera, yagara iri nyaya imweyo. Muzera roga-roga, zvagara zvichiitika kuti Satani anoedza kutsveyamisa Shoko iroro kwavari, achivaita kuti vaone rimwe zera.

<sup>30</sup> Onai, Jesu paAkauya, munoona, Satani akanga ari muboka ravadzidzisi vechiJudha, nemarabhi nevaprisita, achiedza kuvaudza kuti vachengetedze mirairo yaMosesi, apo iro Shoko romene rakanga rati muzuva iroro Mwanakomana wemunhu aizozarurwa, munoona, kuti Iye aizoZvizarura. Saka vakanga vari kuedza, chero bedzi vaivachengetedza vari vanhu vezvokunamata, uye vari pamurairo waMosesi. Munoona here zvaakaita? Aingunoedza kuvataurira kuti, “Icho chikamu cheShoko ndechemazvirokwazvo, asi Murume uyu haasiri iye Munhu wacho.” Munoona here kunyengera kwaanoita? Ndiro zuva chairo rekunyengera.

<sup>31</sup> Zvakamboitika, uye kana nazvino, Satani ari kudzika humambo hwake panyika. Ndzivo chaizvo zvaari kuzviitira, nokuti ari kuda kudzika humambo hwake.

<sup>32</sup> Samuzvinabhizimu, asiri Mukristu, anoita mano ose aanogona okukuita kuti uzvione nenzira isiri iyo. Kana aine chi—chinangwa uye achiwana pundutso kubva pazviri mukukuita kuti uzviite, achikuita kuti uzvione nenzira iyoyo, anokuratidza zvose zvaanogona, okudzivisa kubva pachokwadi chazvo, nokuti iye anongozvifunga pachake. Zvisinei kuti anonyepa nokubiridzira zvakadini, nezvimwewo zvose, iye pachake anenge achiwana pundutso kubva pazviri.

<sup>33</sup> Ndicho chikonzero Satani akazviita. Uye akashanda nemushumiro kuti azviite, sekuvimbisa kwakaita Mwari kuti aizozviita. Zvino, akatanga nehunyengeri hwechinamoto muEdheni, ndokuramba achizviita kubvira kareko.

<sup>34</sup> Kwete nokuzvigadzirira boka remakomunisti. Makomunisti haanei nechokuita neizvi. Ichechi, ndiyo yamunofanira kungwarira, munoona. Haasi—haasi makomunisti vanganyengera Vasanangurwa. Ichechi ichanyengera Vasanangurwa, munoona. Haasi makomunisti; tinoziva kuti vanoramba Mwari, uye maantikristu, ichokwadi ndizvo zvavari, pamaitiro, asi havasi *uye wacho* antikristu. Antikristu ndewe zvinamoto, anoita zvokunamata zvikuru, uye anokwanisa kutaura Magwaro, agoAita kuti ataridzike zvakanyatsojeka.

<sup>35</sup> Sezvakaikwa naSatani kareko pakutanga, akanyatsotaura zvose nemazvo, “Mwari wakati, ‘Hamusi kuzodya muti wose uri mubindu.’” Munoono, kunyatsoZvitauro nemazvo.

<sup>36</sup> Mudzimai akati, “Hongu, tinogona kudya pamiti yose yemubindu, asi pane muti uri pakati pebindu wakanzi naMwari tisadye, uye, kana kutombobata; nokuti, zuva ratinozviita, zuva iroro tinofa.”

<sup>37</sup> Akati, “O, zvirokwazvo hamufi. Asi regai ndikupe chikonzero kuti sei Mwari wakazvitauro, ndechokuti...” Munoono, akaiti zvino? Akataura ichi Chokwadi, munoono. Akati, “Zvichazarura meso enyu, uye zvichakuitai kuti mugoziva chakanaka nechakaipa. Muchange mafanana naMwari zvino, kana muchinge magona kuzviita.”

<sup>38</sup> Ndizvo zvoga zvaanoda kuita, uye ndizvo zvimwe chete izvo ari kuedza kuita muzuva rino. Kwagara kuine hunyengeri hwezvinamoto kubvira pakutanga muEdheni, uye zvagara zvakadaro kubvira kareko. Munguva yaAdhamu, kwaiva kunyengera. Munguva yaNowa, kwaiva kunyengera. Munguva yaJesusu, zvaiva zvimwezvo. Uye zvino zvimwe chetezvo, maitiro mamwewo, hunyengeri hwekunamata!

<sup>39</sup> Zvino, tinocherechedza nyika, apo yakange iri pasi pesimba raMwari. Zvino, apo Mwari aitungamirira . . . akaiisa pasi paKe. Zvino Satani paakazoitora, nokuramba Shoko raMwari. Mwari pane imwe nguva aiva nenyika iri pasi pesimba raKe. Akaiisa mugwara rayo muchadenga. Akaiisa, akaiita kuti ishande. Akaita zvose, iri pasi pesimba raKe. Zvino tichazvienzanisa neapo mushure mokunge Satani aitora yave pasi pesimba rake.

<sup>40</sup> Zvino, zvakatorera Mwari makore zviuru zvitanzhatu. Hazvina kuVatorera nguva yakareba zvakadaro, asi Vakatora nguva yakareba zvakadaro. Zviuru zvitanzhatu zvakare, nokuti tinodzidziswa kuti “zuva rimwe kuDenga chiuru chamakore pano panyika,” zvino kwakava nezviuru zvitanzhatu zvakare, kana kuti mazuva matanzhatu ayo Mwari wakavaka nyika. Zvino, zvakatorera Mwari zviuru zvitanzhatu zvakare kuimisa, nokuidyara mbesa dzakanaka uye nokuzomeresha zvinhu zvose zvinamarudzi azvo. Zvinhu zvose zvinofanira kuuya zvinamarudzi azvo. Mbese dzaKe dzose dzakange dzakanaka, zvino dzinofanira kubereka zvinamarudzi adzo. Mwari wakatora zviuru zvitanzhatu zvakare.

<sup>41</sup> Pakupedzisira, mushure mokunge Vapedza kuigadzira, zvino pakupedzisira tino . . . pakupedzisira vakachizosvika nemuzinda wayo, wepanyika, panzvimbo yakaisvonaka yaive kumabvazuva kweEdheni, yainzi bindu reEdheni. Mwari wakagadzira muzinda wepasi rose mubindu reEdheni, muEgipita, kumapeto ekumabvazuva ndipo paiva nemuzinda.

<sup>42</sup> Zvino pamusoro pezvinhu zvose, Akaisa mwanakomana waKe pamwe nemudzimai wemwanakomana waKe, pamusoro



pazvo zvole. Ndizvozvo. Ndizvo zvakaitwa naMwari. Akaisa zvole pasi pesimba ravo zvizere. Vaikwanisa kutaura kumhepo, yobva yamira kuvhuvhuta. Vaigona kutaura nemuti, wofamba uchibva *apa* uchienda *uko*.

<sup>43</sup> Shumba nemhumhi zvaيدا pamwe chete, uye gwayana rairara pamwe nazvo. Pakanga pasina chakaipa. Paiva norugare rwakakwana, kuwirirana kwakakwana, zvinhu zvole zviru muchinhano chakakwana, apo Mwari wakanga akazviisa pasi pesimba raKe. Zvino cherechedzai, Aiva nezvaKe...Aiva nenyika yaKe, Aiva nezvole zvichifamba zvakanaka. Aiva nezvinhu zvole zvichiuya. Zvinhu zvole zvaيدا miriwo; hapana chaifa, hapana chaikanganisika, hapana chaora. Hapana... Zvakanga zvakanonaka.

<sup>44</sup> Zvino pamusoro pazvo zvole, Akaisa vana vaKe vanodikanwa, mwanakomana waKe nemwanasikana waKe, murume nemudzimai, kuti vaitungamirire.

<sup>45</sup> Mwari wakange akanyatsogutsikana! “Zvino akazorora kubva kumabasa aKe ose, nezva rechinomwe,” uye ndokuyeresera zuva resabata rechinomwe kwaAri.

<sup>46</sup> Nokuti, Mwari wakaiwongororazve, mushure mokunge ava nezviuru zvitanzhatu zvakakore achiiumba nokuinatsiridza, achiiita kuti ivepo; ndokusimudza makomo, ndokuita kuti muti unobva pakati penyika usimudze makomo mudenga, nezvinhu zvakaaitika mukuputika kwakaaitika panyika; ndokuzviomesa, ndokuzvigadzira nenzira iyo yaAkazviita nayo. Zvino yaive nzvimbo yakazonaka.

<sup>47</sup> Pakanga pasina chimwe chinhu chakafanana nayo, paradhiso huru dzaMwari! Zvino mazidhainoza makuru, nezvimwewo zvakadaro zvakananda, zvichifamba mariri, nemhuka huru; dzakanga dzisingakuvadze. Dzakanga dzakanyorova semwana wekitsi. Hapana chadzaiva nacho zvachose; hapana—hapana hurwere, hapana kusuwa; pakanga pasina kana mumwe zvawo utachuona wezvirewere panyika. O, yaiva nzvimbo yakadini!

<sup>48</sup> Mazishiri makuru achibhururuka kubva pane uyu muti achienda pane umwe, uye Adhama aikwanisa kudzidana namazita, zvino dzaibhururukira pamafudzi ake zvino—zvino dzomuitira machemero eshiri. Zvino, o, yaive nzvimbo yaMwari yaishamisa!

<sup>49</sup> Zvino akagadzira chimwe chezvizenga zvake kubva paMutumbi waKe Iye omene. Mwari ane zvizenga muMutumbi waKe.

<sup>50</sup> Sezvo, iwe uri chizenga chababa vako. Uye, cherechedza, wakanga uri muna sekuru vasekuru vasekuru vako. Asi, pane izvozvo, tingati, tichazvitora tichidzika sezvakaita iwe nababa vako. Zvino, iwe hapana chawaiziva pawakanga uri

muna baba vako. Chizenga chepenyu chinobva kumunhurume. Munhurume ndiye ane chizenga cheropa; mudzimai ane za-zai; zvino, nokudaro, chizenga cheropa chine upenyu machiri. Uye, zvadaro, apo waive muna baba vako, hapana kana chawaiziva pamusoro pazvo. Asi, zvisinei, sainzi neShoko raMwari zvinoratidza kuti wakanga uri muna baba vako, asi hapana chawaiziva pamusoro pazvo.

<sup>51</sup> Asi zvino baba vakava nechishuwo chokukuziva. Zvino nemubatanidzwa wekusangana naamai, ndipo pawakaziviswa kuna baba vako. Zvino, uri chizenga chababa vako. Wakafanana navo, uye une nhengo dzemutumbi wako dzakafanana nababa vako.

<sup>52</sup> Zvino, ndizvo zvakanga zvakaita Mwari pakutanga. Mwanakomana wose waMwari nemwanasikana wose waMwari akanga ari muna Mwari pakutanga. Hauchazvirangarira hako iye zvino, asi wakanga uripo. Aizviziva. Zvino Iye aida kuti iwe ugovapo kuitira kuti Agokubata, nokutaura newe uye nokukuda, nokukukwazisa mawoko ako.

<sup>53</sup> Haungade here mwanakomana wako...Harisi zuva guru here apo mwanakomana wako anouya kumba osvikogara patafura? Apo anenge adzoka kubva kuhondo, kana zvimwewo zvakadaro, aine mavanga; kuti unonyatsomugadzirira kudya kwamanheru; unouraya chimhuru chakakora, kana zvimwewo, womugadzirira! Inyama neropa rako, uye aive mauri. Wakanga usingamuzivi kareko, asi waizviziva kuti aivepo.

<sup>54</sup> Uye saka Mwari wakaziva kuti taizovepo, asi zvadaro akatiisa munyama kuti tigobatika. Kuitira kuti agokwanisa kutibata, Akava mumwe wedu paAkava Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari pachaKe, huzaro hwekuratidzwa kwaMwari. Saka ndicho chaiva chinangwa chaMwari, kuratidza zvizenga zvaKe mukuyanana.

<sup>55</sup> Pandaiva muna baba vangu, hapana chandaitomboziva. Asi pandakava mwanakomana wavo pava kandibara, ndaiva chizenga, chidimbu chababa vangu. Uye iwe uri chidimbu chababa vako.

<sup>56</sup> Zvino sevana vaMwari, tiri chikamu chechizenga chaMwari icho chaive maVari, chaitwa nyama sezvo Iye akaitwa nyama, kuitira kuti tigokwanisa kuyanana mumwe nomumwe, semhuri yaMwari panyika. Zvino ichi ndicho chaiva chinangwa chaMwari pakutanga. Hongu, changamire. Ndizvo zvaidiwa naMwari pakutanga.

<sup>57</sup> Aiva nezvinhu zvose pasi pesimba rake. Zvino Akazoisa munhu mubindu reEdheni, aine kodzero dzekuzvisarudzira; ndokuti, "Mwanakomana wangu, ndezvako."

<sup>58</sup> Yaive nzvimbo yakaisvonaka sei! Mwari akange anyatsogutsikana, kusvika pokuti akadzokera kunozorora

kubva kumabasa aKe ose. Muti wose hapana wakambomera rukato kana feso. Hapana mabheri akabva parukato. Zvinhu zvose zvakange zvakakwana. Mbeu dzose dzakange dzakakwana. Zvinhu zvose zvakanga zviru muchimiro chakakwana.

<sup>59</sup> Zvino paAkaenda kunотора zororo duku, mhandu yaKe yakavevedza ichipinda nekunyengera, ndokuitora achiisa pasi pake, kubudikidza nokududzira zvisiri izvo hurongwa hwaKe kuvana vaKe. Apo, Akaisa ruvimbo mumwana waKe Chaiye; seruvimbo rwaunoisa mumwanasikana wako paanoenda usiku nemunhurume; paunoisa ruvimbo rwako mumwanakomana wako apo anenge achizoenda nemukomana anonwa kana mukomana anoputa. Munoono, Akaisa ruvimbo mumwanakomana waKe, achiti haaizoita chinhu chakashata, uye aizochengeta Shoko rose raAkataura. Asi muvengi akavevedza achipinda; sezvinoita mambara uya anотора mwanasikana wako onoshereketa; kana—kana mumwe mukadzi anотора, oenda nemwanakomana wako, uye zvimwezvo. Munoono, akavevedza achipinda. Muvengi waMwari akavevedza achipinda aikadudzira Shoko zvisiri izvo kuna Eva.

<sup>60</sup> Zvino, iye, nekuwa uku, akabva atora akava muridzi webindu reEdheni, pachake. Akabva aritora. Zvino ava nezviuru zvitanzhatu zvamakore zvehutongi hwekunyengera; achinyengera vanhu, vana vaMwari, sezvaakamboita kare. Nokuti, vakanga vaine kodzero dzekuzvisarudzira, kuita pamadziro avo. Uye achitenda kuti vaizoita zvakana, kana kuti achivimba kuti vachaita zvakana, zvino vakabva vaita maitiro akashata, ndokutengesa hudangwe hwavo, sezvakaitwa naIsau, achida nyika. Zvino Satani akaihwina, ndokuitora seyake. Zvino ava nezviuru zvitanzhatu zvamakore zvokuvaka Edheni yake, saMwari wakavawo nezviuru zvitanzhatu zvakore zvokuti Edheni raKe risvike pakupera. Uye nekunyengera, kunyengera Shoko, kana kuti vanhu, zvino akadzika Edheni rake pano pasi, muchivi.

<sup>61</sup> Edheni yaMwari yakavakirwa pakururama. Edheni yaSatani yakavakirwa pachivi, nokuti Satani chivi. Mwari hutsvene, uye humambo hwaMwari hwakavakirwa muhutsvene, nerugare, neUpenyu. Zvino humambo hwaSatani huri muchivi, uye chiri chivi chokunamata.

<sup>62</sup> Cherechedzai kuti akanyengera sei, hunyengeri hwake, sezvaakati aizoita. Akavimbisa kuzviita. Pane aizviziwa here? Ngativhurei kuna Isaya, kana muchida mamwe emaGwaro aya. Kana imi. . . Ndinofanira kutaura akawanda awo, ndinofunga kudaro. Ngativhurei kuna Isaya chitsauko 14, kwechinguvana, uye tione zvakataurwa naSatani pano, kwechinguvana. Muna

Isaya 14, tichaiverenga, zvino tigoona zvakaitwa nemuchinda uyu. Isaya 14, tichitangira pavhesi 12.

*Haiwa wawa seiko uchibva kudenga, O Rusiferi, iwe mwanakomana wamambakwedza! wakawa seiko pasi, iwe wokupedzera marudzi simba!*

*Nokuti iwe wakati mumwoyo mako, ndichakwira kudenga, ndichakwiridza chigaro changu choushe kumusoro kwenyeredzi (ndivo vanakomana), kwenyeredzi dzaMwari: uye ndichagara pamusoro pegomo reungano, . . . padivi rokumusoro:*

*Uye ndichakwira kumusoro kwamakore; uye ndichazvienzanisa noWokumusorosoro.*

<sup>63</sup> Zvino chienzanisai izvi zviri pano nemamwe aya maGwaro edu muna vaTesaronika, muchinguva chapfuura, kuti akati, “Anogara mutemberi yaMwari, achizvikwiridzira pamusoro pechese chinonzi Mwari, kuitira kuti iye saMwari agonamatwa saMwari panyika.”

<sup>64</sup> Heunoyi mwari wenyika ino wandakakuparidzirai nezvake musu weSvondo yapfuura. Heunoyi pano nhasi mukunyengera, munguva ine njodzi, nguva inoshamisa iyo yatigere mairi. Ndiyo nguva ine kubwinya kunodarika mamwe mazera ose, nokuti takatarisana neMireniyamuru huru zvakare; takatarisana neEdheni zvakare. Asi zvino pazera rino, hunyengeri hwose nemanomano ose aakamboshandisa ayo aakabudirira kunyengera nawo, azviunganidza zvose pamwe chete iye ndokuzvisimbisa; zvino obva adzika pasi saMwari, ndokuzviisa muchinhano chaMwari; zvekunamata, uye anokwanisa kudzokorora Magwaro pamwe nokukuudza Magwaro, sezvakangoita Satani kuna Eva mubindu reEdheni. Asi kungosiya chidimbu chaRo, ndizvo zvoga zvaanoita, kugadzira gwanza, apo panozodururirwa napo dzidziso yadhiyahore ine muchetura, seSefa yemunhu anofunga iyo yataitaura nezvayo pane umwe usiku hwakapfuura.

<sup>65</sup> Zvino, akati achazvikwidziridza kudarika Wokumusorosoro; aizokwira kudarika makore nenyenyedzi, uye aizogaro pamusoro, uye agova pamusoro peWokumusorosoro. Zvino atobudirira kuita izvo zvaakanga atsunga kuti aizoitika. Zvirokwazvo ava nokubudirira kunoshamisa pakuita izvo zvaakanga atsunga kuti aizoitika, nevanhu vaimurega achizvishaisa basa netsananguro, muzera roga-roga, kukosha kwevimbiso yeShoko raMwari muzera iroro. Ndiwo maitiro chaiwo aakazviita nawo. Muzera roga-roga, akazvishaisa basa netsananguro.

<sup>66</sup> Mumazuva aNowa, akatsanangura kuti zvakange zvisingakwanisike kuti kunaye mvura inobva kudenga, nokuti, “hakuna mvura kumusoro uko.” Vhangeri rake guru resainzi iro raakaparidza mubindu reEdheni! Aikwanisa kupfura

zvinhu kumwedzi zvaisimbisa kuti hakuna hunyoro kumusoro uko. Asi Mwari wakati kuchauya mvura inonaya. Asi Satani wakabudirira, ndokuisa chepfu mundangariro dzevanhu, kubudikidza nokunzvera kwesainzi, kuti, “hazvigone kuti zviitwe.” Asi zvakaitswa. Mwari wakati zvaizoitika, uye zvakatoitika. Wakazviita.

<sup>67</sup> Zvino, mumazuva a—aJesu, akaita chinhu chimwe chete. Akaisa chepfu mundangariro dzavo zvakare nohunyeri, munoona, achidudzira Shoko zvisiri izvo. “Kana uri Mwanakomana waMwari, zvino rega ndikuone Uchiita chimwe chinhu pamusoro pazvo.”

<sup>68</sup> Jesu haana kumuitira dambe. Haana kumbozviita. Mwari haasi munhu anoita dambe. Haasungirwe kupindura Satani pane chipi chaanenge akumbira. Aingofanirwa... Jesu akati, “Zvakanyorwa zvichinzi, ‘Haufanire kurarama... Munhu haangarame nechingwa choga, asi neShoko rose rinobva mumuromo waMwari.’” Munoona, haAna kusungirwa kuita dambe, kubva kwaari. Haana kusungirwa kugadzira chingwa. Aigona kunge akazviita, asi Angadai akateerera dhiyabhore, saka haana kusungirwa kuteerera dhiyabhore.

<sup>69</sup> Uyezve chivi chezvekunamata, sepakutanga, zvizere nehunyeri. Zvicherechedzei zvino. Hachingori chivi chiri pachena chamazuva ose, kuita upombwe nekudhakwa, nekushandisa Zita raMwari zvisina maturo. Handizvo. Kwete.

<sup>70</sup> Munorangarira makore akapfuura, vazhinji venyu pano, avo vaivepo kubva kare, munorangarira mharidzo iya yandakaparidza, yaiti, *Zvigumbutso PaKutongwa*. Chipfeve, hachisi kuzogumbutswa ipapo. Anoziva kwaari kuenda. Chidhakwa hachisi kuzogumbutswa ipapo. Mubiki wedoro zvisiri pamutemo, muchovhi wenjuga, munyepi, mbavha, haasi kuzogumbutswa. Asi, munhu uyo anofunga kuti ari pachokwadi, ndipo pane kugumbutswa.

<sup>71</sup> Ndiye muchinda uya, toti, anouya achiti, “Ishe, handina here kuparidza Vhangeri, handina here kudzinga madhimoni, muzita reNyu?”

<sup>72</sup> Jesu wakati, “Ibvai kwamuri... kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama. Handina kana kumbokuzivai.” Ndipo pane kugumbutswa, munoona, hunyeri uhu.

<sup>73</sup> Ndizvo zvandiri nguva dzose... ndipo pandisiri kunyatsonzwisiswa. Hazvireve kuti ndinoda kuita zvakasiyana. Handidi kuita zvakasiyana, asi ndinofanira kunge ndakatendeka. Ndine Mharidzo, uye Inofanira kuenda kuvanhu. Zvinoiita kuti isanzwisisisike zvikuru pakati pevanhu. Vanofunga kuti ndinopesana nomunhu wose. Vanongoziva bedzi kuti, ndinoda munhu wose, ndichiedza nokukwanisa kwangu kwose kuvaunzira Chokwadi, semaisirwo azvo pamwoyo wangu uye sezvazviri muBhaibheri pano. Uye Mwari anosimbisa

kuti iChokwadi, saka hapana chimwezve chinogona kuitwa pamusoro pazvo. Nyangwe, kana vakaChitarisa, kana kuti kwete.

<sup>74</sup> Maona, havadi kuChiona, nokuti pane pavakatoperera kare, vakatengesa hudangwe hwavo kune rimwe bato, rimwe sangano; kuedza hudangwe hwavo, kuenda kuDenga kubudikidza nechinamoto chehurongwa, sezvo Satani ndiye musoro wazvo zvose. Mwari haana kumbova nechinamoto chehurongwa, haana kana. Zvino ivo vanobva vazvipira kwazviri, uko, boka revarume, vanodudzira Shoko vachiti Rinoreva *izvi* uye Rinoreva *izvo*.

<sup>75</sup> Mwari haadi mududziri. AnoZvidudzirira pachaKe. Haadi mumwe munhu kuti aMuudze maitirwo azvo. Anoita zvaanoda. Akataura maitiro aAizozviita, zvino ndiyo nzira yaAnofanira kuchengeta nayo Shoko raKe. PaAkati, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda,” Ndizvo chaizvo zvaAingoreva. Zvose zvaAkataura kuti zvaizoitika, Akati zvaizoitika mumazuva ano okupedzisira, kuti Aizoita zvimwe zvinhu, zvino Akazviita. Hapana waanobvunza kuti nguva yakwana here kana kuti kwete. Iye anoziva nguva yacho, uye nehurongwa hwacho.

<sup>76</sup> Zvino, Satani, munyengeri uyu, sekutaurwa kwazvo muna Mateu 24:24, ane hunyengeri huzhinji. Zvino, tinoona kuti nehurongwa hwake hweevhangeri yezivo, dzidzo iri nani, kuzvibata kwepamusoro, budiriro, nezvimwewo, zvaroya vanhu vari kuda kushumira Mwari, vachitenda nhema yake.

<sup>77</sup> Eva akange asingade kuzviita, asi akamuratidza kuti aizova nehuchenjeri hwakawanda mazviri. Mudzimai akanga asingazvizivi; aida kutoziva. Akange asinganzwisisi, asi aida kunzwisisa. Zvino Mwari wakamuudza kuti asaedze kunzwisisa.

<sup>78</sup> Ko ndingazwisise seiko chimwe chezvinhu izvi? Handikwanise kuzvinzwisisa. Ndinozvitenda. Handifanire kuzvinzwisisa. Mwari kutenda, kwete kunzwisisa. Tinongotenda zvaAkataura.

<sup>79</sup> Zvino, chienzanisa Edheni raMwari neraSatani zvino, mushure mezwiuru zvitathanu zvemakore okutsveyamisa dudziro yechokwadi yevimbiso yeShoko raMwari renguva. Ngatizvienzanisei zvino, uye tigoona kwatinosvika. Sezvaakaita kuChechi mu—munguva yaKristu, yaJesu, achiedza kudzivisa—kudzivisa vanakomana vaMwari vakatendeka kuti vasazivi Chokwadi. Ivo vaMwari. Mwari wakaisa vanakomana vaKe pano, zvizenga zvaKe, kuti vayanane naYe pakunzwa Shoko raKe.

<sup>80</sup> Toti baba vako vokuudza kuti, uye unenge uri mwanakomana akatendeka kuna baba vako, zvino okuudza, “Mwanangu, usapinde mumvura kunze uko, uchinotuhwinha, nokuti mune makarwe mumvura imomo”; zvino pobva paita

mumwe munhu anouya, achiti, “Chokwadi, mvura yakaisvonaka seizvi, hamuna makarwe mairi”? Zvino ndiyani wauchaterera? Kana uri mwanakomana chaiye, uchaterera baba vako.

<sup>81</sup> Zvino mwanakomana kana mwanasikana chaiye waMwari anотора Shoko raMwari kutanga. Handina basa kuti mumwe munhu ari kuti kudini pamusoro pazvo, vanотора Shoko raMwari kutanga. “Mune muchetura mukomichi,” uye vanozvitenda.

<sup>82</sup> Kuva nokutenda muShoko raKe rose, Mbeu dzaKe, dzakaunza Edheni rohutsvene, rudo, neHupenyu Husingaperi. Ndizvo zvakaunzwa neEdheni raMwari, hutsvene. Zvino dzakaunza Edheni rohutsvene, rerudo, kunzwisisa, kukwaniswa, neHupenyu Husingaperi. Ndizvo zviru kudyarwa naMwari, Shoko raKe, Mbeu Yake. Ndizvo zvichange zvakaita Chechi yaKe kumagumo; Ichange iri chinhu chimwe chetecho.

<sup>83</sup> Cherechedzai, heinoiyi imwe pfungwa. Musaikanganwe. Ndichasvika kwairi pane imwe nguva kana mune imwe Mharidzo. Asi, munoziva, Mwari wakati, “Mbeu yose ngaibereke zvorudzi rwayo.” Murairo waMwari here? Zvino zvichabetserei kana mumwe muparidzi, kana mumwe munhu, anoedza kuti Shoko iroro rireve zvimwewo zvinhu? Munooona, Shoko rose raMwari iMbeu. Jesu akadaro, “Mbeu yakakushwa nemukushi.” Saka kana Mariko 16 riri Shoko raMwari, ichabereka zverudzi rwayo. Kana Maraki 4 riri Shoko raMwari, ichabereka zverudzi rwayo. Uye vimbiso yose inofanira kubereka zverudzi rwayo.

<sup>84</sup> Munooona, onai Satani kuno uku akazvivanza? Ari kuedza kuti, “Hazvisi, hazvisiri izvo.” Manzwisisa here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Munooona, Satani anoti, “O, hazvisi zvezuva rino. Izvo, izvo—izvozvo. . . Ndezve imwewo nguva. Izvo, izvo hazvireve izvozvo.”

<sup>85</sup> “Mbeu yoga-yoga inofanira kuuya nerudzi rwayo.” Ndiyo nzira iyo Mwari wakavaka Edheni raKe. Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino hezvinoyi izvi, ndiyo nzira iyo Mwari wakavaka Chechi yaKe, Shoko roga-roga nerudzi rwaRo! “Munhu haararama nechingwa choga, asi neShoko rose rinobva mumuromo waMwari.” Maona? Satani, anотора zvimwewo. Asi Mwari wakati, “Mbeu yose serudzi rwayo.”

<sup>86</sup> Kana vimbiso yakati, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda.”

<sup>87</sup> Zvino chechi inoti, “Joinha chechi. Taura chitendwa zvichibva mumusoro. Ziva katekizimo.” Hakuna zvinhu zvakambodaro muBhaibheri rose.

<sup>88</sup> Asi Jesu akati, “Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda: muZita rangu vachadzanga madhimoni; vachataura nendimi itsva; kana vakabata nyoka, kana kunwa zvinouraya,

hazvivakuvadze; kana vakaisa mawoko avo pane vanorwara, vachapora.” Ndeupi munhu anoramba Zvakadai? Maona?

<sup>89</sup> “Mbeu yose ichabereka zverudzi rwayo.” Kana uri mbeu yaMwari, chizenga, mwanakomana waMwari, zvoreva kuti Shoko raMwari rakadyarwa mauri. Maona? Zvino kana wanzwa Shoko raMwari, “Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu; asi mutorwa haatongomuteveri.” Mazvibata here? “Zvino mbeu yose inouya serudzi rwayo.”

<sup>90</sup> Zvino tinoona kuti, mbeu yose inobereka zverudzi rwayo, pakanga pasina rufu mune iyi itsva...muEdheni irooro. Pachange pasina rufu muEdheni idzva. Munoono, pakange pasina, hapanazve zvimwe kunze kwehutsvene, kuchena, neHupenyu Husingaperi.

<sup>91</sup> Zvino, kubudikidza nokusatenda Shoko rose raMwari, zvaunza mbeu yekusarurama muEdheni raSatani. Tave zvino kupinda apo Satani ave kutora chigaro chekutonga, saantikristu, muE—Edheni renyika ino, Edheni rezvivi, chinamoto chakatsveyamiswa. Haana kutangira pokuti, “Ndini Satani. Ndini ngirozi huru.” Kwete, kwete pana izvozvo, asi pakutsveyamisa Shoko raMwari. Zvino ndiwo maunziro aakaita humambo hwake, mumazera ose. Zvino muzera rino rinokunyengera, agadzirira kutora chigaro chake chokutonga, kubudikidza nevanhu vake! Zvino azvivakira Edheni renjere, redzidzo, rezvesainzi; ndizvo, vaparidzi vezvesainzi, chechi yezvesainzi, dzidzo yeshoko yezvesainzi, zvole ndezvesainzi. Zvinhu zvole zviri panheyo yezivo. Chechi yose yakavakirwa pazivo. Haina kuvakirwa pakutenda.

<sup>92</sup> Pane imwe nguva ndakaenda kunova nomusangano muchechi yemumwe munhu. Yaive iri odhitoriyamu huru uko kumavirira. Murume akarurama, zvino airamba zvinhu izvi zvati kutaura pamusoro pazvo. Asi zvisinei, akange... Ndaimufarira; munhu kwaye, mutana. Zvino ungoro yake payakabuda...Maikwana vanhu vangaita zviuru zvitanzhatu. Zvino ungoro yake payakabuda, mushumiro yamasikati, vaikarovika chiuru nemazana mashanu, vose vakange vari vananyanjere vakapfeka zvakanakisa. Ndakagaramo ndikavatarisa.

<sup>93</sup> Murume uyu, akaparidza mharidzo yakaisvonaka. Zvino ndokubvunza kana paive neaida kugamuchira Kristu; kuti vasumudze maoko avo. Zvino hapana vakasimudza maoko avo. Zvino pakupedzisira mumwe mudzimai akasimudza mawoko ake. Iye ndokuti, “Zvakanaka, zvino wave Mukristu,” ndokumuendesa kunobhabhatidzwa. Zvino paakabuda... Akakumikidza kamwana, akasvepura kamwana kadiki nokukanamatira, uye ndokubuditsa ungoro.

<sup>94</sup> Zvino ungoro yake payakabuda; vose vari vanhu vakarurama, vefundo, vakadzidza. Zvino ndakange ndakamira



padivi, kuti ndikwazise ruwoko rwemurume uyu nokumushuvira budiro yaMwari, paainge obuda.

<sup>95</sup> Zvino pandakadaro, ndipo pakapinda mhomho yangu. Havana kuvatendera kuti vapinde apo vanhu vake vaivemo. Hevanoyi vangu vopinda, vari mumahwiricheya, nemastrecha, vakapfekedzwa nguwo dzembengo, vanopenga, nezvose zvakasiyana. Maona mutsauko? Ndizvozvo. Ndicho chinhu chandiri kutaura nezvacho, munoona. Munoona, chimwe chinhu chakasiyana.

<sup>96</sup> Apo, nezivo yesainzi unokwanisa kugadzira Vhangeri *rinonzwisika*, iro, iwe, “uyo anotenda muna Jesu Kristu haazopomerwi,” munoona.

<sup>97</sup> Asi, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda,” munoona, anotadza kuZviisa imomo, maona. Mudzimai atenda muna Jesu Kristu, atoponeswa, kana zviratidzo izvi zvichatevera mutendi.

<sup>98</sup> “Zvino uyo anonzwa Shoko raNgu,” kwete anongofungidzira, kwete kuRinzwa nenzeve dzake, asi, “kuRinzwisisa.” Munhu wese anogana kuRinzwa; chipfeve chinogona kuRinzwa choramba chiri chipfeve; munoona, chidhakwa chinogona kuRinzwa; munyepi anogona kuRinzwa ogoramba ari munyepi. Asi, “Uyo anonzwisisa Shoko raNgu, agotenda mune Uyo wakaNdituma, ane Hupenyu husingaperi.” Hezvo, munoona.

<sup>99</sup> Uye hapana munhu anokwanisa kuzviita kunze kwekunge Mwari wakafanotemera. Jesu wakati, “Hapana munhu anokwanisa kuuya kwaNdiri, kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva, uye avo vose vandakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Amen. Zvose zviripakuzvitonga kuzere nekufanoziva kwaMwari. Anorarama ari oga uye hapana munhu anoMuudza zvokuita.

<sup>100</sup> Zvino, nokusatenda, nokusatora Shoko rose raMwari, zvaunza mbeu yekusatenda, isakarurama, yezvivi, ruvengo, nerufu rweKusingaperi rwuri muzera iri rechechi rizere zvivi, nevanoshandisa njere. Zvino mazvibata here? Muzuva rino, apo nyika yose yave kuita zvekunamata! Maizviziva here? Nyika yose yave kuita zvokunamata. Zvino muzera rino rezvekunamata, pane machechi makuru pakona yoga-yoga; zvose, zvose zvinozoguma Satani ave kunamatwa. Hezvinoini izvi, imo muno muBhaibheri. Ndizvozvo. Uye mumaseminari avananyanjere, nevadzidzi veshoko zvaburitsa munhu anoshandisa njere uyo akadzidziswa matauriro, nezvokuita, kuti vanoita manyawi akadini; nezvose zvakaita sekushandisa pfungwa, kwemakore matatu nemana, ekuziva kuti unoshanda sei nepfungwa yemunhu. Munoona, zvaka . . .

<sup>101</sup> Mweya waMwari hachisi chinhu icho, iwe, chaunodzidziswa. Chinhu chakafanotemera mauri, neruwoko rwaMwari Samasimba. Zviitiko zvako haukwanise kuzvidzidzira kana

kuzvidzidziswa. Zvakafanotemerwa, neruwoko rwaMwari nekufanoziva kwaMwari, mauri. Ndizvozvo.

<sup>102</sup> Zvino, zvakaunza Edheni huru iyi yavari kurarama mairi, Edheni rechechi yemunyika. Vave kubatana vose paEcumenical Council huru, uye vachaita kuti chechi yose yenyika iuye pasi pemusoro mumwe chete, apo Satani achapihwa chigaro choushe, ndizvo chaizvo.

<sup>103</sup> Zvino kudanzira kwekupedzisira kuri kuendeka, kuti kubate Mwenga Asati apinda mazviri. Akangopindamo, anobva atora munembo wechikara, nokuparara, haazombokwanisi kubudamo. Ndicho chikonzero, zvichinzi, “Ibvai pakati pavo, vanhu vaNgu,” isati yapinda maari, munoono. “Ibvai pakati pavo, muve makazvitsaura.”

<sup>104</sup> Zvino, ruvengo nerufu, uye nokupatsanurwa kubva kuna Mwari noKusingaperi, muEdheni iri; ruchiva, tsvina, kutsveyama, (sei?) nokudyara mbeu isiri iyo.

<sup>105</sup> Zvinondirangaridza chimwe chiratidzo chandakaona ndisati ndambosangana nevanhu vePentecosti, cheMurume uya aipotera nenyika, akapfeka zvichena. Makandinzwa ndichichitaura nguva dzakawanda. Zvino pakauya mumwe shure kwaKe, achidyara mbeu dzenyonganiso.

<sup>106</sup> Asi akahwinha zvakanaka, muna Eva . . . mubindu reEdheni, nokuda kweruchiva rwaEva rwechivi; ruchiva rwaEva, rwechivi. Zvino, kana Eva akachiva zivo, chakava chivi.

<sup>107</sup> Zvino patinochiva zivo, tichida Ph.D., LL.D., chivi ukadaro. Kutaura kwakasimba, asi iChokwadi. Zvisinei kuti zvakasimba sei, zvichingori Chokwadi, munoono. Kuchiva zivo, kunzwisisa!

<sup>108</sup> Nyaya yacho ndeyekuti, kuti, nhasi hatisi kuedza kugadza Shoko raMwari mumoyo yevanhu. Tiri kuedza kuzvigadza isu pachedu. Machechi ari kuedza kugadza dzidziso yechechi, mumoyo wemunhu.

<sup>109</sup> Tinorairwa kuti tidzike Shoko raMwari. Pauro akati, “Handina kuuya kwamuri nemashoko ohunyengeri evanhu, kuitira kuti kutenda kwenyu kuzorore pazivo yemunhu; asi ndakauya kwamuri nesimba; nomukuratidzwa kweMweya Mutsvene, kuitira kuti kutenda kwenyu kuzorore muna Mwari.” Hezvoka izvo.

<sup>110</sup> Munhu haufanire kuzvisimudzira. Tinozviona pakati . . . Regai Mwari vangoitira munhu chimwe chinhu vomutumira kunze, unoono munhu wose ave kuzvitevedzera. Munoono, vari kuedza kuzvisimudzira. Munhu wose, “Ndakaita zvakati. Inini, ini, zvangu, sangano rangu, inini, izvi,” vachizvisimudzira. Tiri kumboparidzei, zvedu pachedu here kana kuti Humambo hwaMwari?

<sup>111</sup> Simbaisi Shoko raMwari. Bvisai kusatenda mugogadza Humambo hwaMwari mumoyo wemunhu. Zvino Humambo

hwaMwari haukwanise kugadzwa mumoyo wemunhu kunze kwekunge Mwari wakagadzira munhu iyeye saizvozvo. Haakwanise kusimbiswa mu . . .

<sup>112</sup> Zvino, rangarirai, kunyengera kwacho, ndekwekuti vanhu vanofunga kuti vari muchokwadi. Munoono. “Pane nzira inoita seyakarurama kumunhu.” Munhu wose anoshandisa njere anoita seari muchokwadi.

<sup>113</sup> Sezvandakakutaurirai Svondo shoma dzapfuura; pandakange ndakamira pamwana wangu akange ave kufa, uye apo Satani akamirapo achiti, “Havo baba vako, vakafira mumawoko ako pane umwe usiku. Hoyo uyo mudzimai wako arere mu—mumochari, zvino pano mwana wako ari kufa. Zvino iwe waMukumbira kuti akupindire, zvino Akuzvuvira . . . Azvivharidzira kubva kwauri. Zvino, uye zvakadaro NdiMwari wakanaka, uyezve wakati Iye Mupodzi. Zvino iwe, wakamira neizvo zvaunoti ndizvo zvakana, wakakanganisa.” O, chikonzero chose, pfungwa dzose dzakatowirirana nazvo kuti chaive chokwadi; uye chaiva chokwadi, ipapo hapo.

<sup>114</sup> Saizvozvo akareva chokwadi paakataurira Eva, “Meso ako achazaruka, uye uchaziva chakanaka kubva pane chakaipa. Uye muchava savanamwari, nenzira iyoyo, kuziva chakanaka kubva pane chakaipa,” nokuti Mwari havana kunge vavaita kuti vazvione, kuti havana kusimira. Saka vaiziva kuti vaizoziva chakanaka kubva pane chakaipa; zvino akanga ari pachokwadi. Asi, munoono, zvaipesana neShoko raMwari.

<sup>115</sup> Ndizvo zvinoitwawo nevashumiri mumaseminari, vachidzidza dzidziso dzeshoko dzakaitwa nevanhu; zvinogona kuita sokunge zvakana, kunogona kunge kuri kunzwisisa kwananaka kwechinhu chacho, asi chakakanganiswa.

<sup>116</sup> Hatisungirwe kuRinzwisisa. TinoRitenda nokuti Mwari wakati ndizvozvo, zvino zvakaringana nokusingaperi. Rose zvaro, ndiyo nzira yekuRitenda.

<sup>117</sup> O, Eva akachiva kuti ave nePh.D., munoono, akachiva kuti ave akangwara kudarika izvo aive!

<sup>118</sup> Cherechedzai kufanana kwavakaita, murume nemudzimai wake . . . Zvino cherechedzai, murume nemudzimai wake, vose vasina kusimira mubindu reEdheni, Edheni raMwari.

<sup>119</sup> Zvino ndave kuzovhara. Ndati ndichatora maminitisi mashoma. Onai, tarisai zvino, mukuvhara.

<sup>120</sup> Chizvienzanisai izvi zvino, kufanana kwazvakaita kuti munhu nemudzimai wake, vaviri vari muEdheni raMwari, vasina kana rushinda rwenguwo pavari, vasingazvize. Ko sei vakange vasingazvize? Nokuti vakanga vakadzitidzwa pandangariro dzokuziva kuti havana kusimira, neChidzitiro Chitsvene, cheMweya Mutsvene. Vaikwanisa kutotarisa,

vasingazvizeve kuti havana kupfeka. Vakanga vakafukidzwa neMweya Mutsvene, wehutsvene. Vakanga vakafukidzwa.

<sup>121</sup> Chifukidzo chaMwari, kana nanhasi, vanogona kutarisa vasingachive. Vanotendeutsa musoro wavo. Chifukidzo Chitsvene, munoona, Chifukidzo Chitsvene. Mwari wakabata meso avo...vaive vose vari vaviri, mumwe aive murume mumwe ari mudzimai, zvino vakanga vasingazive kuti havana kusimira, nokuti Hutsvene hwaMwari hwakachengetedza meso avo akadzitidzwa. Cherechedzai, Mwari wakavanza hana yavo kubva kuchivi, neChifukidzo Chitsvene.

<sup>122</sup> Dai tiine nguva yekumbomirapo, kwemaminitsi mashoma. Onaiwo, “Nokuti iye, munamati kana anatswa,” vaHebheru, “munamati kana anatswa, haasisina havi yechivi.” Chivi chinenge chabva paari.

<sup>123</sup> Ndanzwa Hama Neville vachiti, mangwanani ano; mumwe munhu anogona kunge anga achivabvunza kuti sei ndisina kuparidza nezveMweya Mutsvene, sei ndisina kuita *izvi*. Hezvinoi *izvi*. Mweya Mutsvene ndiwo kuita kuri mauri. Hupenyu, kwete manyawi; kwete zvimwe zviratidzo zvepanyama. Asi Iwo Munhu, Jesu Kristu, Shoko raMwari rakagadzwa mumoyo wenyu, kumutsa Shoko rose rezera rino. Ndizvo. Tarirai Mweya Mutsvene ane zvaari kuita, zvisina hazvo kuwanda mukuratidzwa kwesimba; asi, mukuita, izvo zvaUnoita zviri maererano neShoko.

<sup>124</sup> Cherechedzai zvino Mweya Mutsvene, weShoko raMwari Dzvene, waiva nemurume nemudzimai vasina kusimira, vasingazvizeve. Zvakanaka zvikuru, Hupenyu hweShoko; Mbeu, Shoko!

<sup>125</sup> Mwari wakati, “Pane muti uri pakati pebindu, mudzimai. Zvino pakati pebindu pane muti uyu; musatomboubata zvenyu. Nokuti, zuva ramunoudya, zuva iroro munofa.” Vakanga vakaputirwa nohutsvene kubva kwauri, pasina chavaiziva nezvawo, kana kuubata.

<sup>126</sup> Vakange vakaputirwa nehutsvene. Vakanga vakachengeteka mutende raMwari. Vakanga vari vapenyu. Pakanga pasina rufu rwakavakomba. Hareruya! Vaiva nerudo rwakakwana mumwe kune mumwe, Hupenyu hwakakwana nokusingaperi. Vaiva norudo rwakakwana, nezivo yakakwana yerudo rwaMwari. Vaiva neShoko raMwari, uye vachiRichengeta. Uye vaiva nohupenyu nokuchengetedzwa muEdheni yaMwari, musina rufu, zvachose, kwese.

<sup>127</sup> Zvino, Satani akaita kuti Eva ateerere kuvhangeri rake redzidzo yeshoko, vhangeri rezivo, fundo yepamusoro, tsika dzepamusoro, budiro iri nani, dzidzo yepamusoro, nezvimwewo zvakadaro; zvino paakaita kuti...mudzimai kuti amire achimuteerera kwekanguvana, kupfungwa dzake (idzo dzatinorairwa kuti tikandire pasi), paakamuita kuti azviteerere.

128 “Zvino, onaiwoka, chechi iri *zvakati nezvakati*. Yavepo kwenguva yakati rebei. Ndisu imwe yemachechi akare munyika muno. Ndiko kunopindira meya veguta.” Handina basa kuti chii, munoono. Kana zvichipesana neShoko raMwari, iwe pesanawo nazvo. Ndiyo mhandu yako. Chose chinopesana neShoko imhandu yako.

129 Wose anowirirana neShoko ihama yako. Chikamu chako.

130 Cherechedzai, akabvisa Chifukidzo Chitsvene, kuti aone kuti kusangana kwemurume nemudzimai kwakambonyatsoita sei; chienzanisa izvozvo, kuti ruchiva rwaizonyatsoitei. Akabvisa Chifukidzo kubva pameso ake, chinhu chitsvene icho Mwari wakanga aisa pameso ake. Akange achida zivo, kuti agoziva kuti zvakambonyatsoita sei; saka akafukura chifukidzo kuti aone kuti zvakambonyatsoita sei. Akaterera kuna dhiyabhorosi, zvino chicherechedzai kuti chakave chinhano chakadini pazvakazomuisa.

131 Vakaita zvimwezvo muzera roga-roga rakatevera, nguva dzose vachitora divi rekushandisa njere; uye zvino vavaka humambo hwaSatani, zivo, mbeu yake yaakadyara, uye akatora nyika kuti ive Edheni yerufu.

132 Zvino cherechedzai. Iye zvino tarisai muna Zvakazarurwa 3, Zera reChechi yeRaodhikia. Iwe chizvifunga mundangariro dzako.

133 Zvino cherechedzai. Iye, Eva, ndiye mambokadzi waSatani. Munoono, Satani, nyoka, yakasvika kuna Eva Adhama asati asvika kwaari. Maona? Ndizvozvo. Saka akamunyengera, munoono; saka Satani, nyoka, akava murume waEva Adhama asati atombomuziva. Munoono, akamunyengera. Bhaibheri rinoti akazviita, zvino akaziva kuti akanga asina kupfeka, pakarepo. Maona?

134 Zvino tarisai Zera re—reChechi yeRaodhikia. Iye, Eva, agere samambokadzi waSatani. “Mudzimai akapfuma nezvinhu zvemunyika; ibofu, haana kusimira zvakare, uye haazvizive,” sezvazvaiva muEdheni raMwari. Asi iye zvino, kwete nokuti Chifukidzo Chitsvene chakavhara kumeso kwake, asi chifukidzo cheruchiva. Nokuti, akabvisa Chifukidzo chaMwari Chitsvene, akafuka chifukidzo chezivo, yoruchiva. Zvino ane chifukidzo cheruchiva, chaari “bofu” kwachiri kuti chivi. Mudzimai “haana kusimira” munzira, “uye haazvizive.” Chipfeve mumugwagwa. Vakadzi vakapfeka zvikabudura, mumeso aMwari, zvipfeve, “uye havazvizive.”

135 Cherechedzai, torai madzimai edu. Zvino, kana uchida kuona chinhano chekereke, tarisa maitiro ari kuita madzimai. Mudzimai anomiririra chechi nguva dzose. MuEdheni raSatani, rezvivi nokusatenda, kutsveyama kwekunamata; humambo hwakatsveyama. Panzvimbo yokutora Shoko raMwari, vakatora dzidziso dzepfungwa dzevanhu. Uye panzvimbo yekutora

Cechi, vakatora sangano, zvino vari kuzviunza kumusoro mumwe mukuru.

<sup>136</sup> Zvino cherechedzai, kutsveyamiswa kubva pakushairwa mhosva. Musazvipotse iye zvino. Cechi yanga yakafuka chifukidzo cheruchiva. Cherechedzai zvachakaita kwairi. Ya—yatsveyamiswa kubva pakushairwa mhosva ichienda kuzivo. Maona? Chifukidzo Chitsvene, akanga asina mhosva; aine chifukidzo cheruchiva, ava nezivo. Ave kuziva kuti zvakanaka. Ave kuziva zvazvinoita, munoono. Muchero, muti unotoshuvirwa, unokuchenjedza. Maona? Atsveyamiswa kubva pakushairwa mhosva achiva nezivo, kubva pahutsvene kuva netsvina neruchiva, uye kubva paHupenyu kuenda kurufu.

<sup>137</sup> Humambo uhu hunofanira kufa. Humambo uhu huchafa! Mwari vokuDenga vachahuparadza kubva pano pasi.

<sup>138</sup> Cherechedzai, mukutsveyama uku, zvoita kuti murume oita semukadzi, uye mukadzi oita somurume, “uye havazvize.” Chibereko chakakwana cheEdheni raSatani, kana ukatarisa mumigwagwa nhasi, kuvanhu vedu vechimanjemanje.

<sup>139</sup> Cherechedzai, kuti aiva Eva akashandiswa naSatani kuti Adhama awire muchivi nesimba rake rokuchiva. Zvino zvimwe chete, ari kuita zvimwe chete muzuva ranhasi. Cherechedzai, vhudzi rakagerwa, zviso zvapakapendwa, mapfekero okukwezva varume, munoono, mudzimai ari kuzviita, uye asingazivi kuti chimwe nechimwe chezvinhu izvozo chinopesana neShoko raMwari. Kugera vhudzi rake, zvinomuita mudzimai asingaremekedzeke, chipfeve. Kupfeka zvikabudura, zvinomuita mudzimai anonyadzisa. Kupfeka hanzu dzinokwezva varume, zvinomuita chipfeve. “Uye haazvize,” kwete nokuda kwehutsvene hwaMwari; nokuda kwekuchiva kwaSatani. Zvakaita kuti mudzimai. . . Mudzimai akaita kuti Adhama wake amuchive.

<sup>140</sup> Mudzimai akakumura hanzu dzaakanga apfekedzwa naMwari, kare muEdheni, kuitira rwendo rwake rwemu—murenje iri. Akadzikumura. Akazvibvisa mbatya akasara asina. Apo, Mwari wakanga amufukidza muviri wose nematehwe; akatanga kukumura zvishoma nezvishoma nguva dzose, zvino adzokera paakanga ari pakutanga.

<sup>141</sup> Iye zvino aita kuti Adhama wake apfeke hanzu dzake dzemukati. Murume anopfeka tuzvikabudura twemadzimai, obuda kunze kuno, handifunge kuti pane zvehurume maari. Ndiye munhu anoita semudzimai mukuru wandinoziva. Maona? Munoono, ave kuita kuti Adhama wake akatsveyama aite semudzimai, munoono, achipfeka hanzu dzake dzemukati. Mudzimai akaona zvaakakwanisa kuita kareko paakakumura hanzu dzose akasara nedzemukati. Ndizvo zvikabudura. Nokuti, ihanzu dzemadzimai dzemukati, zvino pano Adhama wake ndidzo dzaava kupfeka zvino. Ndizvo, zvinonzi neShoko

raMwari repakutanga, “Zvinonyangadza kuti munhukadzi apfeke hanzu dzakafanana nedzemunhurume, uyewo kuti munhurume apfeke hanzu dzakafanana nedzemunhukadzi,” zvichibva muShoko repakutanga. Pafungei ipapo!

<sup>142</sup> Zvino, murume ave kugadzira vhudzi repamusoro pehuma sere mudzimaiwo, zvakare. Anorikama richidzika, rakaiswa zvokuti riite mihomba-mihomba. Ndicho chezvimwe zvezvinhu zvinorwarisa zvandati ndamboona muhupenyu hwangu, vamwe vana vava kunze uko nhasi vane vhudzi ravo repahuma rakakamwa *seizvi*, uye rakadhaiswa, vhudzi rakaiswa mushonga webleach, rine zvakaite semushonga weperoxide, vobva vaisa bleach muvhudzi ravo, vorimona mumakela, zvichigadzira vhudzi repahuma. Iwe zigadzi guru! Zvinhu zvisina kunaka kutaure papurupiti, asi kutonga kunotangira mumba yaMwari. Iwe hautombozviziva kuti uri murume here kana kuti uri mudzimai. Zvino ndinonzwisisa kuti Mauto eUnited States achazenge achizopfeka zvika budura. Ndizvozvo. Munooona kuti kutsveyama kwakadini? Ihanzu dzemadzimai; kupfeka vhudzi rake.

<sup>143</sup> Pane rimwe zuva ndakanga ndiri uko, kwaHoward Johnson’s; kwete iyi iri kuno, asi iyo iri munzira yokubuda. Zvino ndakangaramo ndichishamisika. Zvino pakauya mukomana mudiki, murumo wake wakavhurika. Zvino aiva nevhudzi dema neche *apa*, uye rakakamwa richienda *neuku*; ndokuriisa rola, ndokuripeta richienda nekumusoro, nepamusoro pemaziso ake; achitarisa nepamusoro pemaziso ake, achingunofamba. Kana ndakamboona kutsveyama! Munooona, haaimbozvutenda. Aigona kuratidza kuti munhurume, asi mumweya wake munhukadzi. Haazivi kuti ari kudivi ripi romusha. Ndizvozvo. Kutsveyama kwakadini!

<sup>144</sup> Ndizvo zvinoitwa naSatani. Anotsveyamisa ndudzi. Anotsveyamisa chechi. Anotsveyamisa vanhu. Munyengeri, mutsveyamisi weChokwadi chepakutanga.

<sup>145</sup> Mwari wakagadzira murume ari murume. Akagadzira mudzimai ari mudzimai. Zvino akavapfekedza zvakasiyana, uye Aida kuti vagare vakadaro vachiita zvakaadaro; mumwe munhukadzi, mumwe wacho munhurume. Akapatsanura Adhama mubindu reEdheni, ndokuita izvi, akapatsanura Eva kubva maari.

<sup>146</sup> Zvino ave nevhudzi rechidzimai; mudzimaiwo ave kugera vhudzi semurume, zvino iye ari kuedza kuti rake riite seremudzimai. Maona? Mudzimai ari kupfeka nguwo dzemurume dzekunze, murumewo wopfeka dzemudzimai dzemukati. Zvino, zvinoita sokumhura, asi handisi kuzvireva nenzira iyoyo. Ndicho chaicho Chokwadi cheVhangeri. Kana usingazvize, pane chakatsveyama newe; zvichida uri bofu kana kuti hauna kumbofamba mumigwaga. Zvino mudzimai

ari kufunga uye murume ari kufunga kuti zvakarurama, pane kwavari kuenda.

Mudzimai anoti, “Saka, kuri kupisa zvikuru!”

<sup>147</sup> MaIndia echiApache akare uko vanokuitai kuti muzvinyarirwe. Pakunowedzera kupisa, ndipo pavanotutsira hanzu dzokupfeka, kuzvidzivirira kubva kuzuva; o, kuti vadikitire, kuitira kuti vagotonhorerwa pavanenge vachifamba. Maona? Vanotonyatsomira muzuva.

<sup>148</sup> Haukwandise kumirapo; unoita maduzu pamwe nokutsva. Asi, munoona, ndiko kwamunoti kudzidza kwepamusoro. Sainzi yechimanjemanje ndiyo yakabuditsa izvi. O, zvangu ini! Hoyo uyo mudzimai, “ari mutwi,” muRaadhikia, “uye asingazvizive.”

<sup>149</sup> Mudzimai akanga asina kupfeka muEdheni. Maona humambo huviri hwakafanana? Humwe ndewe chivi nerufu; humwe hwacho Hupenyu nehutsvene. Imomo mudzimai akanga akaputirwa neChifukidzo Chitsvene. Vari vaviri kudaro vakange vasina kusimira; vakange vasingazvizive. Hapana chavaitomboziva nezvazvo, nokuti vakanga vakaputirwa neMweya waMwari.

<sup>150</sup> Zvino kuno vakaputirwa neruchiva, zvino vanotarisa kuti. . . Munoona, Adhama aikwanisa kutarisa Eva, otadza kuziva kuti akanga asina kusimira. Asi zvino nechifukidzo cheruchiva ichi, mudzimai haacherechedze kuti haana kusimira, asi anozviita pasi pechifukidzo cheruchiva kuitira kuti murume amutarise. Ndicho chikonzero choga chaanzviitira. Hamuzvitendi, asi munozviita vakadaro, zvino murume anokutarisa. Zvino murume akaona kuti mune kukwezva kuzhinji, kusvikira pokuti akazozvipfekedza dzimwe dzehanzu dzenyu.

<sup>151</sup> O, kutsveyama kwakadini! Izera rakadini! Inguva yakadiniko iyo yatiri. . . Inonyengera zvikuru! O, zvinhu zvose izvi, “uye vasingazvizive,” mweya wakanyatsotsveyamiswa zvakakwana uri mumunhu. Akafukidzwa kubva paruchiva rwaSatani, nemudzimaiwo, zvakare. Mweya wechisatani weboka guru. Munoona, havazive, asi ivo isangano. Madzimai akapfeka zvikabudura, ndeve sangano. Varume vakapfeka saizvozvo, vari musangano. Ndichakupai pfupiso yacho, B.S.S., Big Sister Society, saka ndiko kwavo. Vanobvamo, ruwadzano rukuru rwemadzimai, vakapfeka tumutodo, zvichiratidzika sezvakashata, zvinhu zvinoratidzika sezvehutsvina. Ini—ini. . .

<sup>152</sup> Varume, zvino munogona kupesana neni pane izvi, asi ndicho Chokwadi. Makatsveyamiswa uye hamuzvizive. Hamuchisiri, hamuchaitazve semunhurume. Munoona, mave zinyekenyeke; uye, nemwanakomana wavo, achaguma pasisina zvaanoreva kwavari; varume, nemadzimaiwo, zvakare. Vave ungoro yeruwadzano. Pane sangano. Sei? “John, muvakidzani, anopfeka zvikabudura, saka ndinotadziswawo nei? Luella aida kuti



ndizvipfeke nokuti John aizvipfeke, akavakidzana nesu. Uye, saka, kana—kana Susie Jane achigona kuzvipfeke, kanawo Martha Jane anokwanisa kuzvipfeke, kanawo Susie Lou,” kana kuti angadai achinzi ani, munoono. Munoono, iungano yeruwadzano. Isangano. Pamweya uri weikoko, uye hauzvizive.

<sup>153</sup> Zvino kana zviri izvo, uye tichizviona kuti ndizvo, saka makapofomadzwa. Makapofomadzwa kumasangano ayo amakambunyikidzirwa naSatani. Zvino kutsveyamiswa kweShoko raMwari repakutanga, pamwe neHumambo hwaKe, uye nezano raKe kuvana vaKe. Satani akambunyikidza varume nemadzimai kupinda muzvinhu izvi, uye havavzive. Vakatsveyamiswa!

<sup>154</sup> Haachisiri mwanakomana waMwari! Vhudzi rechidzimai rakaremba kumeso kwake, uye akapfeke chikabudura, achidzika nomugwagwa; mwanakomana waMwari, mudhikoni muchechi, mufundisi papurupiti? Kwete, uyo haasi mwanakomana waMwari. Haana kuuya nemuSefa yekufunga yaMwari. Haimbopfeke hanzu dzechidzimai; ichokwadi kuti haaidaro; kana mudzimai haazombopfeke hanzu dzemunhurume. Munoono, haasi mwanakomana waMwari. Mwanakomana waSatani, nemwanasikana waSatani. Zvinhu zvakawoma kuzvitaura!

<sup>155</sup> Satani abudirira pakutsveyamisa nokutora simba pamusoro penyika ino, achiiita humambo hwake; iye munhu akaiswa pairi, aine kodzero yekuzvisarudzira, kuzvisarudzira mhando yeupenyu hwavanoshuvira. Zvino ndizvo zvinoratidza zviri mumoyo mako. Maona? Izwi rako... Munozivei? Maitiro ako anotaura zvinonyanyonzwika, anodzivisa kunzwika kwezwi rako. Uh-huh!

<sup>156</sup> Regai ndigoenda kune munhu. Anoti, “O, Ini... Tose tiri Makristu. Tiri nhengo dzechechi.” Zvino akaturika mifananidzo yemadzimai asina kupfeke yakazara muhofisi make? Huh! Hapana mutsauko wazvaiita pane izvo zvaainditaurira, ndaiziva zviri nani; kana newewo.

<sup>157</sup> Mungati mudzimai angazviti Mukristu, aine vhudzi pfupi? Huh-uh! Munoziva zviri nani kudarika zvakadaro, munoono. Hongu, changamire. Regai ati muKristu, akapenda nekuzora kumeso, nekupfeke zvikabudura, ozviti muKristu? Munoziva zviri nani kudarika izvozvo. Shoko raMwari rinodzidzisa zviri nani kudarika izvozvo. Shoko rinoti haakwanise kuzviita oramba ari muKristu. Zvino anotonyadzisa, nezvese. Ko Mwari vangaisa sei chinhu chinonyadzisa muhumambo hwaVo? Kwete, changamire, kana napaduku pose. Kwete, changamire. Ivo pachavo, vanoratidza zvishuvo zvavo.

<sup>158</sup> Haukwanise kuita kuti njiva idye pamwe negora, hazvikwanisike zvachose. Njiva haina nduru. Haakwanise kudya zvakawora. Ikangozvidya kamwe, zvinoiuraya, uye iyo

inozviziva. Asi gora rinogona kudya chose charinoda. Maona? Rine nduru yakawanda.

<sup>159</sup> Saka zvino munoona kuti, ndizvo zvazviri munyika nhasi, zvimwe chete, “Havana kusimira, mapofu, uye havavzive.”

<sup>160</sup> Satani akazviita kubudikidza neruchiva rwemudzimai rwekuda zivo, yekusangana kwemurume nemukadzi, yaakazvisarudzira nokusarudza kwake. Zvino cherechedzai, aiva Eva akatungamirira Adhama kune zvakaipa, uye mudzimai ndiye akakurura mbatya dzake Adhama wake asati akurura dzake. Maona? Mudzimai, nguva dzose. Zvagara zvakadaro. Zvichiri zvimwe chetezvo.

<sup>161</sup> Chechi ndiyo inotungamirira murume mukurasika. Ichechi, munoona, inotungamirira murume anga achida kuva mwanakomana waMwari. Mudzimai, chechi. Kwete Bhaibheri, Mwari, nokuti Bhaibheri munhurume. O, hongu, “Shoko rakaitwa nyama,” zvino Aive Munhurume. Maona? Bhaibheri murume; chechi mudzimai. Maona? Haisi chechi. . . Bhaibheri rinotungamirira munhu mukurasika. Chechi ndiyo inotungamirira munhu mukurasika. Chechi ndiyo yaakaenda nayo asina kusimira, kwete Bhaibheri. Maona? Kwete, bodo. Bhaibheri rinomuudza kuti haana kusimira. Hongu, changamire.

<sup>162</sup> Zvino cherechedzai kuti, kubudikidza nekusangana kwemurume nemudzimai, havi yekusangana kwemurume nemukadzi, akachiva zivo, kuti chaimbovei *ichi*, uye sei, kuti muchero uyu wakanaka here kana kuti kwete. Zvino mudzimai akazviita.

<sup>163</sup> Mwari achaitorazve nerimwe zuva, asi, neMurume. Yakaperekwa nemudzimai. Asi yakadzikinurwa neMurume; Murume, Jesu Kristu, uyo anova Shoko.

<sup>164</sup> Zvino chii? Cherechedzai, mukuvhara. Muno nguva shoma yapfuura, ndakapa chitaurwa ichi. Ndichiine mamwe mapeji mana kana mashanu pano, asi ini. . .emaGwaro nezvimwe zvandanga ndichida kutaura pamusoro pazvo. Asi, tererai. Ngativharei, tichitaura izvi.

<sup>165</sup> Rangarirai, pano nguva shoma yapfuura, ndainge ndiri kukudzidzisaiveHwamanda Nomwe, mutambo wehwamanda, nezvakadaro. Uye ndakati, “Pane mutambo wezuva resere.” Saka, zuva rechinomwe ndiro rinenge riri rokupedzisira, iroro ndiyo Mireniyamu. Asi pane mutambo wezuva resere; uyo, kana uri wechisere, ipo panongori nemazuva manomwe, rinobva rava zuva rokutanga zvakare, tinodzoka kuzuva rokutanga. Zvadaro, mushure mokunge Mireniyamu yapera, zvino pachazova neEdheni richamiswa zvakare. Humambo hukuru hwaMwari huchatorwazve. Nokuti, Jesu akarwisana naSatani, mubindu reGetsemane, ndokuhwinhazve Edheni; iyo, yaAkaenda

kunogadzirira kuDenga, kuti agodzokerazve, kumusoro kuDenga. Akati, “Moyo yenyu ngairege kumanikidzwa.”

<sup>166</sup> PaAkanga ari pano pasi, Akati, “Imi, imi maJudha, makatenda muna Mwari. Zvino, ndinoziva kuti ndine zita rakashata,” Akareva. “Zvino vanoti ndiri *izvi*, *neizvo*. Asi, makatenda muna Mwari; zvino sekutenda kwamakaita muna Mwari, tendaiwo maNdiri.” Akanga ari Mwari, achiratidzwa. Maona? “Tendaiwo nemune. . .”

<sup>167</sup> “Mumba yaBaba vaNgu mune dzakawanda. . .” Kana kuti, “Muhumambo hwaBaba vaNgu, muzvirongwa zvaBaba vaNgu mune mizinda yakawanda. Ndichaenda kunogadzira nzvimbo.” Tarirai kureba kwayakaita, chiuru nemazana mashanu emamaera mativi ose! Ungati, ko iripiko? Akaenda kunoigadzira. Iye Musiki. Ndiye anosika goridhe rose. Migwagwa yacho inoita segirazi. Iye Musiki. Ari kugadzira nzvimbo. Muna Zvakazarurwa 21, akati, “Zvino ini Johane ndakaona Guta dzvene, Jerusarema Idzva, richidzika kubva kuna Mwari kuDenga.”

<sup>168</sup> “Pakange pasisina gungwa; denga rokutanga nyenika yokutanga zvakanga zvapfuura.” Nderipi raiva denga redu rekutanga? Raiva Mireniyamu. Ndeipi yaiva nyika yekutanga? Yaiva iyo ino. Ichanatsurudzwa. Sezvayakabhabhatidzwa naNowa, mumazuva okuparidza kwake; ikacheneswa naKristu, apo Akaisasa neRopa raKe; zvino ndokuigadziridza, achibvisa utachiona hwose nezvimwe zvose kubva pairi, painogadziridzwa kumagumo, nerubhabhatidzo rweMoto rwuchauraya utachuona hwose, hurwere hwose, denda rose, tsvina yose yakambova panyika.

<sup>169</sup> Nyika ichaputika, zvino kwouya Nyika Itsva. “Zvino ndakaona Denga Idzva neNyika Itsva. Denga rekutanga, nyika ino yekutanga, zvakanga zvapfuura; uye pakanga pasisina gungwa. Zvino ini Johane ndakaona Guta dzvene, Jerusarema Idzva, richidzika kubva kuna Mwari kuDenga.” Imomo Mwari achange achigara nezvizenga zvaKe zvechokwadi, vanakomana nevanasikana, uko Anokwanisa kuyanana navo muhutsvene, meso avo akapofomadzwa kuchivi chose. Pachange pasisina chivi kubvira ipapo.

<sup>170</sup> Ngatishingairei zvine simba; musanyengerwe muzuva rino, asi, “shingairirai kupinda nepasuwo.”

<sup>171</sup> “Nokuti vose vachasara panze vachange vari mhombwe, vanochiva.” “Uyo anotarisa mudzimai agomuchiva atoita hupombwe kare naye.” Vose vane. . . vari kunze vachange vari madzimai asina hunhu, varume vasina hunhu, nevakadaro.

<sup>172</sup> Zvino avo voga vakadzikinurwa, vari muBhuku yeGwayana yeHupenyu, ndivo vachapinda nepasuwo. Saka shingairirai, vashamwari; musanyengerwe muzuva rino rokupedzisira.

<sup>173</sup> Ino inguva huru. Munhu wose ane mari. Munhu wose anokwanisa kuita *zvakati*, uye munhu wose anokwanisa kuita *izvo*, uye mari ichiyerera kwese-kwese, uye mazimota makuru, nezvose. Kuchange kusina chimwe chazvo Muguta iroro. Kunenge kusina kana mota imwe, ndege imwe. Kwete. Huchange hwave humwe huchenjeri hwakatosiyana zvachose. Huchange huri zvakare huchenjeri husiri hwezivo, husiri hwesainzi, asi hwekururama, nokutenda muna Mwari mupenyu.

<sup>174</sup> Ngatishingairirei kupinda Imomo. Nokuti ndicho chinangwa changu chose, kupinda muGuta irori nerimwe zuva; zvino ndozotarisa shure, vanenge vachiuya pamwe chete neni, ndokuonai mose muchifora, patinoimba, “vatsvene vopinda vachifora.” Ndinoda kuva mumwe wavo kana vatsvene vopinda vachifora.

Ngatinamatei.

<sup>175</sup> Baba voKudenga Vanodikanwa, apo mazuva ave kupera, uye tichiona richiswedera, vimbiso yave kuswedera pedyo. Tinonamata, Mwari Vanodikanwa, kuti muchazviisa pamoyo yedu, kuitira kuti tisazoita mhosho. Mwari Vanodikanwa, chengetedzai hana dzedu dzakachena. Chengetedzai moyo yedu yakafukidzwa, Ishe, meso edu akafukidzwa kubva kuzvinhu zvenyika, uye nezvinhu zvisina maturo zvenyika, mbiri isina maturo yokuva mumwe munhu mukuru.

<sup>176</sup> Zvisinei kuti vakakura zvakadini, ose madzishe, madzimambo, nevaremekedzwa, nevamwe vose vachaparara, uye havazomuki mune kwechi-...mukumuka kwekutanga. Nokuti zvakanyorwa zvichinzi, “Akaropafadzwa uye mutsvene uyo ane chikamu murumuko rwekutanga, wokuti rufu rwepiri haruna simba paari.” O Mwari! “Rufu rwepiri,” rufu rwepamweya, “haruna simba”; akadzikinurwa!

<sup>177</sup> O Mwari, kufunga kuti pane imwe awa, mumwe achange achienda kunoshanyira mumwe, obva abvutwa. “Vaviri varere pamubhedha; muchatora mumwe, muchasiya mumwe. Vaviri mumunda; Ndichatora mumwe, ndichisiya mumwe.”

<sup>178</sup> O Mwari, tibatsirei kuti tive vakachena mu—mumeso eNyu, Ishe, zvisinei zvingafungwa nemunhu pamusoro pedu, kana zvingataurwe nevamwe. Ishe, regai hutsvene hwedu... kutaure kwedu kuve kutsvene. Ngakurungwe neShoko raMwari; kwakanyatsorongwa, Ishe, kuti pashaikwe nduru mukati medu. Apo tiri kukumbirisa, mukukanganisa kwedu, kuti Ropa raJesu Kristu richamira pakati pedu naMwari, kuti vachatarisa pasi kwatiri nemuRopa raJesu; kwete pahutsvene hwedu, kana kuti tiri vana ani, takaitei, asi panyasha dzaKe dzoga. Mwari, zviitei!

<sup>179</sup> Dai pakashaikwa mumwe agere muno manheru ano uyo anzwa Mharidzo, dai pakashaikwa mumwe wavo anorasika, kubva pamwana mudukusa kusvika pamunhu mukuru pana vose. Dai chishuvo chavo chitsvene chava bedzi chaMwari

neShoko raKe. Hatizive nguva yaAnogona kuoneka, kana kuti inguva ipi iyo Anotidana kuti tigozvipingurira kumusoro pakuTonga. Hatizivi iyo nguva yaAchaita, sokunge, kutora kadhi redu kubva musherufu, woti, “Inguva yokuuuya kumusha. Unotofanira kuenda.” Mwari, tibatsirei kuti tirambe takachena. Zviitei, Ishe.

<sup>180</sup> Dai tikararama kusvika paKuuya kwaShe, kana zvichikwanisika. Dai tikaita zvose zvatinokwanisa, nerudo nekunzwisisa, kunzwisisa kuti Mwari ari kutsvaka munyika, nhasi, achiwana gwai rose rakarasika. Zvino dai tataura navo nemunamato une rudo wakatsiga pamwe neShoko raMwari, kuitira kuti tigowana uya wokupedzisira, kuti tigoenda kuMusha, tigobuda muEdheni rino rakare raSatani, Ishe.

<sup>181</sup> Rakavakirwa rose paruchiva, nemadzimai ane zviso zvakarurama, sematauriro azvinoitwa munyika, nekushambadzirwa kwavo ikoko, “Tinoshambadzira, uye tinoda vakomana vauye vaine jamhu kumeso, uye tsvarakadenga dzakapfeka zvikabudura,” imo mumaredhiyo edu nemumaterevhizheni; netsvina dzakasiyana siyana-siyana nemarara, neHollywood; nehanzu dzakasiyana-siyana dzemadzimai dzinokwezva, dzinonyadzisira, dzetsvina. Zvino—zvino varume vari kutsveyama uye vave kutora hanzu dzemadzimai, vachigera vhudzi ravo richiita seremadzimai; uyewo madzimai ave kuita sevarume.

<sup>182</sup> O Mwari, tiri kurarama munguva yakashata! O, uyai, Ishe Jesu, uyai! Uyai, Ishe! Tichenesei neRopa. Bvisai tsvina yose nenduru kubva patiri. Itai kuti tirarame, Ishe, itai kuti tirarame tiri pasi peRopa, nguva dzose, pamberi peNyu. Ndicho chishuwo chemoyo yedu, nekukumbira kwedu kwakatendeka.

<sup>183</sup> Mwari Vanodikanwa, paradzikwa pano papurati-...kana izvo, padhesiki, manheru ano, apo paparidzirwa Vhangeri. Ishe, pano pane mahengechepfu netumapasuru zvinoenda kune vanorwara nevanotambudzwa. Itai kuti munamato wokutenda, Ishe, udonhe kubva mumoyo yedu zvino, mberi kwemeso eNyu. Zvadaro, Ishe, kana paine chinhu chisina kuchena matiri, Ishe, titorerei...tiisei pakutongwa zvino; uye tinokumbirisa tiwane tsitsi. Tizarurireiwo zvatiri kukanganisa, Ishe, kuti tikumbire, kuti mutore Ropa mugotishamba. Podzai vanhu ava vari kurwara muvaite kuti vanaye, Baba, zvazvichazova, kwese kwavanoenda. Ngazvive saizvozvo, Baba.

<sup>184</sup> Tipeiwo hushingi hwekuti tiKushumirei, uye Imi moga. Zviitei, Ishe.

<sup>185</sup> Ipai chengetedzo kuvadikanwi ava vari munzira kudzokera kumba.

<sup>186</sup> Maita heNyu nemapodzero aMaita vanhu. Uye mwanakomana mudiki weHanzvadzi Shepherd neHama Shepherd, akuvadzwa ari pabhasikoro, ndinonamata kuti

pashaiwe chakaipa chinoitika; kakomana kadiki kanga kachichovha bhasikoro rako, ndinonamata kuti agoita zvakanaka. TinoKutendai nokupodza kwaMaita vamwe ava vatakumbirira. “Uye tinoziva kuti chose chatinokumbira, tinochigamuchira, nokuti tine ruvimbo mune uyo akapa vimbiso.”

<sup>187</sup> Tipeiwo nyasha dzeNyu, Ishe, uye mugotiregererawo zvivi zvedu, takumbira nemuZita raJesu Kristu. Amenii.

<sup>188</sup> MunoMuda here? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] MunoMutenda here? [“Amenii.”] Maneta here nehumambo hwaSatani? [“Amenii.”] Munotenda here kuti tave kusvika kuMireniyamuu; kuMireniyamuu yaKe, yaKe, kuEdheni raKe? [“Amenii.”]

<sup>189</sup> Munotenda here kuti ratogadzirwa nhasi? Tarirai, zvinhu zvose zvave zvepfungwa. Zvose, zvinhu zvose, zvinofanira kusimbiswa nesainzi vasati vazvitenda.

<sup>190</sup> Haukwanise kusimbisa Mwari nesainzi. Unofanira kuMugamuchira nokutenda, “Nokuti uyo anouya kuna Mwari anofanira kutenda kuti Iye ndiye, uye mupi wemubairo kune avo vanoMutsvaka nomoyo wose.”

<sup>191</sup> O Mwari, handisi kuda kuziva chimwe chinhu kunze kweRopa raJesu Kristu rinondishamba kubva muzvivi. Hapana zvandinoziva kunze kwaJesu Kristu. Zvino sekureva kwaPauro wakare, ndinotiwo manheru ano, “Hapana chandinoziva pakati penyuu, kunze chete kwaJesu Kristu, uye Iye wakarovererwa.”

<sup>192</sup> Ndizvo zvoga zvandinoziva kukuudzai. Kutii, Bhaibheri iri, ndinotenda nemoyo wangu wose (kana ndichiziva moyo wangu), kuti iShoko raMwari rakakwana risina kusvibiswa. NaIrori ndinorarama. NaIrori ndinomira. Uye dai ndaiva nezviuru gumi zvehupenyuu, ndinoda kuhupira hwose kuShoko iri, nokuti iShoko raJesu Kristu. Zvino handina basa kuti vangaedza zvakadini kuRishaisa maturo, kana kuti sainzi ingati haRingavimbwe naru, nezvimwe zvakadaro. Kwandiri, ndiCho chinhu choga munyika chandinogona kuvimba nacho, iShoko iri. Iye ndewangu. NdinoMuda. Ko imimi? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.]

<sup>193</sup> Kana muine chivi mumoyo mako, kana muine mhosho mumoyo mako, kana uine chimwe chinhu, namata iye zvino ugokumbira Mwari kuti vakuregerere. Ndinamatire; ini ndichakunamatirawo. Mwari vakuropafadzei, ndiwo munamato wangu.

Tionane! tionane!

Mwari ave nemi tionanezve!

<sup>194</sup> Munodanana here? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] Johane akati, “Vana vaduku, dananai.” “Dananai, nokuti

rudo runofukidza zvivi zvakawanda.” Zvino ngatikwazisanei nemawoko.

Mwari ave nemi tionanezve!  
Tionane! tionane!

<sup>195</sup> Zvino ivai nemutsa mumwe kune mumwe. Ivai nemutsa kumunhu wose. Itira muvakidzani wako zvakana. Zvichengetedze usina kusvibiswa kusvikira Jesu achiuya.

. . . tsoka;  
Tionane! tionane!  
Mwari ave nemi tionanezve!

<sup>196</sup> MunoMuda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndiwo munamato wangu. Ndinamatirei; ini ndichakunamatiraiwo. Ndinofanira kuchidzokera kuTucson iko zvino. Uye ndi—ndinonamata kuti Mwari akuropafadzei mose. Ndichabvako ndichienda kuCanada, ndozodzoka kuColorado; ndichitenderera, ndichitenderera, ndichitenderera, maona. Kusvikira . . . ? . . .

<sup>197</sup> Hama Tony vari ikoko, uye pane chinhu chikuru chaitika. Chaimo muVatican, muRome, vari kudanira rumutsiro, musangano, kuti ndiuye ikoko ndigova nerumutsiro muRome, muRome. Vachangobva mukudzoka. Vanhu vacho vari pamwechete. Vane nhandare yemitambo huru kwazvo imomo, inogara zviuru nezviuru, zvino vari kuda kuti ndiuye kurumutsiro. Vari kuda kuona kubwinya kwaShe mushumiro. Handizive. Ndinofanira kuzvinamatira, ndigoona Mwari zvavachanditaurira. O, zvangu ini! Rangarirai, namatai, tose pamwe chete. Tiri kushanda . . .

Tiri kutarisira kuuya kweMuponesi wedu  
akaropafadzwa,  
Tarirai, muone mashizha emuonde zvino ave  
kusvibira;  
Vhangeri reHumambo hwaKe raenda kunyika  
dzose;  
Zvino tave pedyo nemagumo, ooneka.

<sup>198</sup> Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Zvino nomufaro tichaenda kunoshambadza  
Mharidzo yekuuya kwaKe  
kwakaropafadzwa,  
Nokukasika Anouya mukubwinya, kuzoudza  
mumwe navose;  
Zvino mukai, imi vatsvene vaShe, seiko  
muchivata magumo zvooswedera,  
Ngatigadzirirei kudanira kwekupedzisira.

<sup>199</sup> Ichanokomukira kumadokero yodzokazve yakatasva, rimwe ramazuva ano, ingozvirangarirai. Ichazviita zvirokwasvo. Uye ndizvozvo. Kuzosvika zuva iroro:

Tora Zita raJesu newe,  
Mwana wekusuwa nedambudzo;  
Richakupa mufaro nekudekara,  
Ritore, kwese kwaunoenda.

Zita rakakosha (Zita rakakosha), O kutapira!  
Tariro yenyika nemufaro weDenga;  
Zita rakakosha, O kutapira! (kutapira!)  
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

PaZita raJesu tichigwadama,  
Tochizvambarara takawira patsoka dzaKe,  
Mambo wamadzimambo Kudenga  
tichamugadza korona,  
kana rwendo rwedu rwaguma.

Zita rakakosha, O kutapira!  
Tariro yenyika nemufaro weDenga;  
Zita rakakosha, O kutapira!  
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

<sup>200</sup> Iye zvino, pavhesi yokupedzisira iyi, ngatiiimbei nemoyo yakakotamiswa zvino.

Tora Zita raJesu newe,  
Senhowo kune miteyo yose;  
Zvino kana miedzo yakumomotera, (Zvinhu  
izvi zvehumambo hwaSatani, maona, maona)  
Chingotaura iro Zita rinoyera mumunamato.

<sup>201</sup> Ndizvo zvose; zvino chifamba uchienda. Zvinoshanda. Ndakazviedza. Chingozvitenda iye zvino, nokuti zvichashanda. Chingotaura Zita raKe rinoyera mumunamato.

. . . Zita raJesu newe,  
Senhowo kune miteyo yose;  
Kana miedzo iwe yakumomotera, (Unoiteiko  
zvadaro?)  
Chingotaura iro Zita rinoyera mumunamato.  
(Chifukidzo chinouya kumeso kwako.)

Zita rakakosha (Zita rakakosha), O kutapira!  
Tariro yenyika nemufaro weDenga;  
Zita rakakosha, O kutapira!  
Tariro yenyika nemufaro weDenga.

<sup>202</sup> Ngatikotamisei misoro yedu zvino, pandiri kukumbira Hama Beeler vari shure uko kuti vauye kuno kupuratifomu. [Hama Branham vanoimba nemahon'era *Tora Zita RaJesu Newe—Mupepeti.*]

Chingofema Zita raKe rinoyera mumunamato.

<sup>203</sup> Chitibuditsai, Hama Beeler. Chitibuditsai nemunamato.



Zita rakakosha,  
Tairo yenyika nemufaro weDenga;  
Zita rakakosha (Zita rakakosha), O kutapira!  
Tairo yenyika nemufaro weDenga.

<sup>204</sup> Zvino takakotamisa misoro yedu, nemooyo yedu yakakotamiswa. Hama Beeler, mumwe wevabati pamwe nesu pano, Hama Estle Beeler, hama muKristu wakanaka, murume wakatendeka. Ndichamukumbira kuti abuditse ungoro, manheru ano, nemunamato. Mwari vakuropafadzei, Hama Beeler.



*EDHENI RASATANI* SHO65-0829  
(Satan's Eden)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Svondo manheru, 29 Nyamavhuvhu, 1965, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)